Хъизаналъго цIализе журнал

# МагIарулай

№ 3 / 2024
ISSN 0132-9634



## ХIиринду СултIанова

Инсан
Маданият
Хъизан
Модаги ссиги
ГIумруялъул философия

***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан

***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru

***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru

***Ответственный секретарь***
Н. М. Керимова kerimk@mail.ru

***Редактор русского выпуска***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru

***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru

***Редактор даргинского выпуска***
П. Г. Вагидова vagidova.2024@mail.ru

***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru

***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru

***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru

***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru

***Корреспонденты:***
А. Тажудинова
В. Ратенкова
Р. Бакидов

***Заведующий редакцией***
С. М. Гамзатова

***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru

***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru

Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 25.06.2024 г.
Формат бумаги 70 x 100 1/16.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0602. Тираж (3767) 594 экз.

Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.

Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05-00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** - Моллакаев М. Ю. (MagHazar)
***Фотограф*** - Курбанов Б. Д.

# *Журналалда руго:*

**2.** Маданият
***Бакъанги къисматги***

**6.** Блогосфера
***«МахIач, щиб ккараб?»***

**10.** Профессионал
***ХIакъикъат санагIатаблъун букIунаро***

**14.** Хабар
***Дица ч1ужу ячинч1еб къо***

**16.** Театр
***ГIумру тIамизе ккола сценаялда!***

**20.** ШигIрияб бокIон
***Савдат ХIажиева***

**22.** Хъизаналъул сон
***МагIарулай, дуй бакъ гьимулеб буго***

**26.** Тарих
***Зубайдат Шхаплы***

**28.** Адабият
***Лектор най***

**30.** СВО
***Кинабго бергьенлъиялъе гIоло!***

**34.** Инсан
***ГIумрудул нухдасан кечIгун...***

**38.** ГIумруялдаса лъугьа-бахъин
***Щай, эбел?***

**42.** Инсан
***МугIалимасул къадру борхизабизе ккола***

**46.** Хъизан
***Дун талихIай йиго***

**50.** Берцинлъиги сахлъиги
***Берцинлъи сундасан байбихьулеб***

***POST scriptum***
**54.** Мода и стиль
**Советы художника-модельера на лето и осень 2024 года**

**57.** Советы психолога
**Дать уйти, чтобы вырос!**

**58.** Круг чтения
**Что мы читали?**
**Что сегодня читают подростки?**

**61.** Философия жизни
**Имрам Мусаханов**

На обложках:
I – Хиринду Султанова
III– Работа Габибуллы Габибуллаева

Редакторасул калам

# *Нух битIаги!*



Гьалеха тIаде щвана доб, гIемераб мехалъ нилъ ралагьун чIун рукIараб, цIияб форматалда бахъараб, «Дагъистаналъул чIужугIадан» журнал кодоб ккураб къо. Журналалъе гIемерал хиса-басиял гьарун рукIин, гьеб кодобе щварабго бихьана нужеда. ТIасан гуребги, журналалда хъвалеб-толелдаги руго хиса-басиял. ТIубанго хисараб жолъун ккола, гьанже щибаб мацIалда бахъулеб журналалъул жиндиего хасаб гьумер букIин. Цебе анлъабго дагъистаналъул мацIалда ва гIурус мацIалда руччабазе рахъулел журналазул цого релълъараб жилд букIана.

Руго журналазда цIиял рубрикабиги: «Психологасул малъа-хъваял», «юристасул малъа-хъваял», «цIали-къализе», «модаялда ссиялда» ва гьел гурел цогидалги. Заманалда рекъон цебе унеблъун журнал гьабулеб буго гьениб кьолеб бугеб рекламаялъ. Гьеб гуребги, нижеда ракIалда буго, РГВК «Дагъистан» телекомпаниягун цадахъ, журналалъул видеоверсия бахъизеги.

КъвачIиниб лъун цадахъ босизе, почалдасан гьудул-гьалмагъзабазе битIизе, сайгъат гьабизе квегIенаблъун букIин мурадалда, журнал цодагьаб гьитIинаб гьабун буго, амма гьурмал цIикIкIун руго.

Журналалъул буго жиндирго ругьунаб гIамал – хасият, цере чIарал мурадал, анищал, унго-унгояй чIужугIаданалъул гIадин, буго жиндирго къисмат! Нижеца хIаракат бахъулеб буго кинабго берцинаб, лъикIаб, къиматаб, къадруябги цIунун, гьаб чи хадув гъезе захIматаб заманаялъул ахIиязе мустахIикъаб жаваб кьезе!

***Нух битIаги,***
***«Дагъистаналъул чIужугIадан»!***

Хамис Шамилова,
*бетIерай редактор*



ХIиринду
СултIанова

*РакI-ракIалъ жийги йокьулев,
къадру-къиматги гьабулев чи аскIов
вукIиналъул кIудияб кIвар буго
чIужугIаданалъе*

# *Бакъанги къисматги*

***Дагъистаналъул мустахIикъай артистка, Т. Мурадовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул Пачалихъияб филармониялъул артистка ХIиринду Юсуповна СултIанова, жеги цIакъ гIолохъанго, ихдалил гъури гIадин, жуяна республикаялъул музыкалияб гIумруялде гъорлъе. Гъеб данде ккана гIасруялъул гуребги къарнуялъулги байбихьиялде.***

Гьелъул берцинаб ва къуватаб гьаркьалъ дагъистаниял асир гьаруна. Гьелъ ахIулаан АББА группаялъул, Селин Дионил, Анестейшал, Уитни Хьюстонил, Лариса Долиналъул кучIдул. ХIиринду тIадегIанаб музыкалияб лъай босулей Москваялда цIалулаго, Лариса Долина йикIана гьелъул вокалалъул насихIатчIужулъунги.

Къуватай ва чIимигIай, лъайги махщелги бугей, гIажаибаб гьаракьалъул кIочIохъан кидаго балъголъилъун йикIана гIадамазе. Цо заманаялъ, жиндирго тIарцIго къунцIараб расгун Деми Мурида пархен бугониги, гьей киданиги лъиданиги релълъарай йикIинчIо.

Гогьай, чанкIкIарай, нахъекъай гьечIого цее унеи, гьунар бугей ХIиринду, лъазего лъачIого, кIудияй гIун ятана. Гьелъ щибаб санайил гIахьаллъи гьабуна, Даггосфилармониялъ къогогIан соналъ тIатIала тIобитIулеб, «Порт-Петровскалъул ассамблеял» абураб кIудияб музыкалияб фестивалалда. ГIатIилъана ва хисана репертуар. ГIадамазе цIакъ рокьана ХIириндуца ахIулел, цере Муи ХIасановалъ ахIулел рукIарал, магIарул халкъиял кучIдул. Лариса Долиналъул джазго гIадин, Муи ХIасановалъ кечI ахIулеб куц бугила жиндие мисалилан абуна гьелъ.

– Лариса Долинал махщел буго жиндаго лъалеб цIакъ лъикI цогидазда малъизе, гьелъул мастер-классазда щола кIудияб хIалбихьи ва лъай. ТIабигIаталъго кьураб махщалие къимат кьезе, гьебги хIисабалде босун, цIияб малъизе ва ккараб бакIалда кьварарайлъун йикIине лъала гьелда, – ян бицана жиндирго насихIатчIужуялъул хIакъалъулъ ХIириндуца.

– КечI ахIиялъул кьучI дилъ лъуна, «Свобода и воля» йилан абураб эстрадаялъул кечI ахIизе малъулеб школалъул нухмалъулей, дир йикIарай педагог Донская-Анисимова Ольга Анатольевналъ.

ХIиринду дандчIваялде цIараб заманалде щвана. Нижер гара-чIвариялдача хадуб, гьей гIедегIун йикIана «Лезгинка» ансамблялде. Гьелъ хIаракат бахъулеб буго киего кватIичIого щвезе ва рикIкIен гIемерал концертаздаса, гастролияздаса, коорпоративаздаса свакалейги гьечIо. ХIириндул гIумруялда гьабсагIаб буго, машгьурлъиялъул чIоразулъ чвердолеб гуребги, жиндирго къадру-къимат, хIажалъи лъалеб ва гIумруялдаса кIванщинаб босулеб заман.

***– Москваялдаса МахIачхъалаялде яхъингун кинаб хиса-баси ккараб гIумруялда жаниб?***

– ГIемерал тахшагьаралъул конкурсазда, кастингазда битIги ккечIого, гIодое йиччан ургъидал бачIана бичIчIи, дирго ватIаналда гIумру гьаби ва хIалтIи дагьабги лъикI бугилан. Регионалдаса кIудияб сценаялде нух бахъизеги бигьаяб батана, гьелъул вакил хIисабалда.

Дун кIвахIалайги йиго. Дие къваригIуна дун ягъа-ячаризавулев администратор яги продюсер. Гьединав чи дир цевеги вукIинчIо, гьанжеги гьечIо. Нужеда лъалаха Москва магIил гаразда божулареблъи ва гьеб циндаго бачIеблъи. Москваялда



хІалхьи лъачІого хІалтІизе ккола, жиндаго тІадги хІалтІизе ккола, букІине ккола кьварараб гІамал ва лъикІал лъай-хъваял. Дир гьениб чІчІараб-хьараб хІалтІи букІана – дица лъималазда вокал малъулаан. Амма цо заманаялъ лъималги каникулазде ана, дица кечІ ахІулеб ресторанги къана. Дун йортанхъизе лъугьана ва бичІчІана цо щиб букІаниги хисизабизе кколеблъи… Сваканги йикІана. РакІалъ цІана рокъое. Дун нухда къачІайдал? Лариса Владимировналъ чанцІулго гьикъана, дур ракІ чІун бугебищила рокъое ине бокьун букІиналда. Дие цІакъ бокьун букІана рокъое! Амма тІадюссинилан кколеб букІана… Гьале 9 сон буго МахІачхъалаялда хІалтІилейги гІумру гьабунги.

Дие рес щвана дие бокьулеб щинаб ахІизе: джаз, блюз, соул, рок, джаз-рок, поп-рок, музыкалияб клубалъул махщел тІадегІанаб оркестргун. Гьелдаго цадахъ харж щвезеги рес букІана. ЦохІо дица гуребги, дунялалдаго цІар рагІарал цІвабзаз ахІула ресторанazда кучІдул, – илан берцинго гьимана кочІохъан.

ХІиринду Дагъистаналде ячІун йикІин лъайгун, гьей Даггосфилармониялда солисткалъул хІалтІизе ахІана.

– Дагъистаналъул халкъияв артист, эстрадно-симфоническияб оркестралъул дирижер МухІамад Абакаровасул нухмалъиялда гъоркь, кІудияб Пачалихъияб музыкалияб коллективгун, профессионалияб сценаялда чІагого кечІ ахІизе рес щвана дие. КІудияб баркала буго гьесие!

2019 соналъ ХІиринду СултІановалъ гІахьаллъи гьабуна Пятигорскалда тІобитІараб академическияб вокалалъул операялъул театразул солистазул «Эолова арфа» конкурсалда.

– Дун цо кІвар бугеб гІадаб ария ахІизехъин йикІана. Амма МухІамад Абакаровичас романс ахІейилан абуна, гьебги академическияб къагІидаялъ гуреб, дирго рагьараб гьаракьгун. Диеги цоги конкурсалда гІахьаллъулелъеги, эстрадаялъул кочІохъабазе гІадин, микрофонгун ахІизе изну кьуна. Цин дун разилъана. Репетициялда конкурентказлъ микрофонгун кечІ ахІидал дида бичІчІана, микрофоналъ дир баллал гІодоре ккезаризе рукІин ва конкурсалда дица, микрофонги гьечІого, оркестргун ахІана кІиго кечІ. ЙорчІана финалалде. ТІоцебесеб бакІ дица ккечІо, амма жюриялъул рекІелъ йосанилан абураб шапакъат щвана.

ХIириндуца бицана къанагIатаб берцинаб цIар жиндие кIодоэбелалъул щванилан, гьелъул магIнаги гвангъарай, кунчIарай бугилан. Цодагьаб цебе гIагарал чагIазе гьаюн йиго яс, гьезги лъун буго ХIиринду цIар. Дагъистаналда гьанже кIиго ХIиринду рагIула.

Рекламаялда рахъун рукIунел ясазул гIадаб рагьараб гьими буго ХIириндул. Берцинай, чIурканай ХIиринду гьанже росасул лъадиги йиго.

– КIудияй гIунагIан, гIемераб жоялъухъ дун гIадатто ялагьизе лъугьана. КIвар бугел жал хисана. Гьанже ракIчIун лъала дида сундул дие кIвар бугебали. Заманалдасан гIадамал лъикI ричIчIизе лъугьана, цIодорлъи, гIакъиллъи, гьварилъи бачIана. Щияй чIужугIаданалъе цIакъ кIвар бугеблъун ккола гьелъул къадру-къимат гьаби ва ракI-ракIалъ йокьи.

РакIалде щвана Малаховасул программаялда бихьизабураб ХIириндул гIумруялъул хIакъалъулъ сюжет.



– Ниж халкъалдаго лъалел чагIилъидал. Дида бичIчIула, Малаховасе, дицаги ГIабдурахIман Шахмиловасги ахIулеб Италиялъул мацIалда кечI гуреб, шоулъидал къваригIун букIараб. Дир къисматилан абуни – теле-шоуялъе хъвараб гIадаб унго-унгояб мелодрама буго. Дир рос дидаса 34 соналъ кIудияв вуго. Эбел нижер ригьнаде данде чIун йикIана. Гьанжеги гьелъ гьев дурцлъун рикIкIунаро. Лъималги нижее цIакъ рокьун руго, амма жеги жо кколеб гьечIо. Малаховас гьеб цIакъ берцинго экраналдасан бихьизабуна, нижецаги гьесие кIвараб кумек гьабуна. Цадахъго Шахмилов дир рос вугилан абураб хабарги лъугIизабуна. Доб эфиралдаса гIемераб жо къотIун бугоан. ХутIун ругоан, дун французалда релъун йигилан, дие телеведущияс гьарулел комплиментал.

Дир гьариялда рекъон, ХIириндуца «МагIарулай» цIалулезе рагьана жиндир берцинлъиялъул ва гIолохъанлъиялъул балъголъабиги.

– Дун цо бакIалда чIун йикIунаро, цо-цо фитнесалде уна, цIакъ ризаб хIалтIул графикги буго – рогьаралдаса сордо бащалъизегIан. Гьумер къачIазе дие бокьуларо, прическаги сценаялда цее яхъуней йигони гурони гьабуларо, дирго саназдасаги хIинкъуларо, гьелъул ургъалидаги йикIунаро. Дица дунго йигеб къагIидаялъ къабул гьаюла. ГьабсагIат дир буго цIакъ хIажатаб, жаниб цIураб гIумрудул бал. Гьелъ щиб дие босун бачIинебалиги буго суал. Бокьилаан дир букIине унго-унгояб хъизан. Гьелъие цо лъимер дие щвелилан кIудияб хьулги буго.

Музыкаялъул бицани… Намуслъун щиб гьабилеб, дие бокьун буго нахъа тезе унго-унгояб творчествоялъулаб ирс. Гьелъие заман щун буго. КъваригIун руго дие хъварал дирго кучIдул. Дие чанго кечI хъвана ТIагьир Къурачевас, амма тIубараб сольный концерталъе гьел дагьал руго.

Бокьилаан ракI рагьараб, гIажаибаб музыкалияб вечер тIобитIизе: бакъназе, рокьуе, гIумруялъе, ватIаналъе, рукъалъе, хъизаналъе – щибав чиясе бищун хIажатаб щиналъе сайгъат гьабураб.

***Виолетта Ратенкова***

# «МахІач, щиб ккараб?»



***Нижеца жеги гьадинаб интервью босун букІинчІо. Амма некІого заман щун букІана Дагъистаналда бищун цІар рагІарав блогералгун гарачІвари гьабизе. Блогерги, блогингги, блогосфераги, аватарги лъаларел чагІи нилъги гурелъул, блогерасулгун блогосфераялъул хІакъалъулъ бицине буго жакъа. ГІурччинаб гІундул халатаб тІагъуралда гъоркь вахчарав, амма гьаб ахираб анцІго соналда жанив цІакъ машгьурлъарав, доб МЧС «Махач, Чё Стало?» телеграмм каналалъул бетІергьан ГІабдулаев МахІачгун дандчІана ниж ва хІукму ккана нужее гьесул бицине. МахІачил каналалда руго лъебераазаргоялдаса цІикІкІун подписчикал – цогидал гІемерал блогеразда макьилъцин бихьуларо гьединаб машгьурлъи.***

***– Интернаталда дурго блог бачинилан ракІалдегІаги кин ккараб?***

– АнцІгогІан соналъ цебе жамгІиял гьундузда дирго профилалда цо кепал кучІдул лъолел рукІана дица. Гьел цо кІудияб даражаялда хъварал жалги рукІинчІо, амма гІемерав чиясе кеп кьуна. Гьелъ куркьбалги гъун, дица дагьабги гІемер хъвазе байбихьана. КучІдуздаса гІисинал харбазде вана. Гьеб букІана дир публицистикияб хІалтІул байбихьи. Кинабго дир творчество буго хъвай-хъвагІай – виртуалияб дунялалде ритІулел дир кагътал. Гьеле гьез гьабуна дир гІурччинаб тІагъурги хатІги машгьураблъун.

***Дур блогалъул мурад щиб – мунго дудаго цеве кІодолъийищ, машгьурлъийищ? Гьелъ дуе щиб кьолеб?***

– Гьелъ дие кьураб, бищунго къиматаб ккола гІемерал цІодорал, дида цере телевизоралъ гурони рихьун рукІинчІел, лъикІал гІадамалгун лъай-хъвай. Гьел лъугьана дир, лъалел-хъвалеллъун гурелги, гІемерисел лъикІал гьудулза-

билъунги. Бахчун теларо, гьез дие гІумруялъулъги кІудияб кумек гьабуна. Дун гьелъие гІолойилан хъвадарилев вукІинчІо. Гьедин кканаха. ЦІиял гьудулзабазул кумекалдалъун дие хІалтІиги щвана, цоцо тІаде щолеб жоги камуларо.

***– Блогеразе хІарпазда нахъе рахчизеги захІмат букІунаро. Мунилан абуни гІурччинаб гІундул халатаб тІагІур лъурав васасул сураталда нахъа вахчун вуго. Гьеб «гьумер гьечІеб» хІалтІул лъикІал ва квешал рахъал кинал ругел?***

– Нечарал, гІадамазда гьоркьор жалго лъазе бокьичІел, амма интернеталда машгьурлъи лъарал, чагІазе гьелъул цІакъ санагІалъи буго. Балъголъиялъги чи цІала тІаде. Гьадингосеб дир сураталде гІадамаз кІвар гьабилароан, гьев бигьаго, цо штрихалъ гІадин, вахъарав васасде гІадин.

***– ЦІалдолезе цІакъ лъазе бокьун буго щив гьеб аватаралда нахъа вахчун вугевали, бице дурго хІакъалъулъ.***

– Дун гьавуна ва гІуна Каспийскалда, эбел-эмен руго ЧІарада районалдаса. Дурусаб механикаялъул заводалъул инженерлъул витІун вуго дир эмен гьениве. Эбелги гьебго заводалда хІалтІана кІикъогІан соналъ. Дун вуго, площадалда цебе бугеб, анкьабилеб школалъун букІараб, гьанжесеб Каспийскалъул гимназиялъул выпускник. Гьелдаса хадуб ДГУялъул финансазулгун экономикияб факультетги лъугІизабуна. Цо-кІиго соналъ, ЧІарада районалъул пенсиял кьолеб отделалъул начальниклъун, Пенсиязул фондалдаги хІалтІана. Гьеб хІалтІи дие кинго рекІее гІолеб букІинчІо. Дица цебеги бицухъе, блогосфераялда дунго валагьулев вукІаго, ахІана хІалтІуде. Жакъа дица нухмалъи гьабулеб буго Авартеатралъул пресс-хъулухъалъе, гьединго гІадамазда рагІизабулеб буго «ЧІарадисезул хоралъул» хІалтІи, батІибатІиял министерствабазе ва ведомствабазе, договоразда рекъон, дица хІадурула



политикиял ва социалиял роликал. Амма бищунго щулияб хурхен дир буго культураялъул министерствоялъулгун.

***– Кинго бицинчIоха дуца дурго хIакъалъулъ. РекIелъе лъугьине бокьулеб бихьуларо дуе... Хъизан-лъималниги ругищ дур?***

– Бокьулароха дие дирго бицине. Амма, кIудияб балъголъиялда гъоркь, нужее бицина. Хъизан дица гьабуна некIого, васги вуго исана школалде витIизе гIурав. ЧIужу нижерго чIарадисей йиго. Гьейги дицаго тIаса йищана, кутакалда разиги вуго. Гьалдалъун лъугIана.

***– КигIан заманха бахъулеб дур гьеб блогалъ?***

– Гьеб цIалулел чагIазулго гIанасеб. Цо щуго минуталъилан гIодов чIола ва рогьалил как ахIулеб рагIула. Амма дие бокьула дицаго гьабулеб иш. ГIемерисел, дир бищунго лъикI лъугьарал, постал дица накалда хъвана, нухда унаго, маршруткаялда, таксиялда, кафеялда, очерадалда, бищун санагIалъи гьечIел бакIазда, цогидал ишазда гьоркьоб. Гьедин ваккун вачIана дир бищунго машгьурав персонаж Аркадийги.

***– ГьедигIан нилъеразда рельинчIеб цIаргIаги кин ургъараб?***

– Дица ХIажил, Къурбанил, АхIмадил хIакъалъулъ хъвайдал, дир цIалдолезда квеш букIунеб букIана, амма Аркадий киназего вокьана, жалго гIадав, нилъерго аниса вас вукIинги бичIчIана.

***– Чатазда гIадамазул рукIунел конфликтазда ва ццин бахъарал, квеш букIине хъварал комментариязда щиб дуца гьабулеб?***

– Блокалде рехула. КIиго рагIи бицинчIого. ГIумруялда гIунги тIокIал руго проблемаби, интернеталдаги ралагьичIониги – къваригIун гьечIо!

Виртуалияб буго кинавго чиясда цебе лъураб бакI – гьеб буго байдан, гIадада гурелъул информация щолеб байданилан гьелда абулеб. Жиндирго блог бачунев чияс гьеб цIалулезулги пикру хIисабалде босизе ккола, гьелъул хIурмат гьабизе ккола, блогосфераялда миллиардал гIадамал ругелъул. Провокациязухъ гIинтIамизе бегьуларо. Виртуалияб дунял унго-унгояб дунялалда релъараб гьечIелъул, аккаунталда нахъа вугев чи нилъеда лъаларо. Соцсетазда рукIунел гIемерал конфликталги лъала нилъеда. Интернеталда байбихьараб гьадинго-себ тунка-гIусиялъ гIумруялда кIудияб къварилъиялде рачине бегьула. Гьединаб жо биччазе бегьуларо!

***– Кинаб гIакълуха дуца кьелеб гьанже-го-гьанже байбихьулев блогерасе?***

– Блогосфераялда гуребги, бокьараб творческияб хIалтIи гьабулев чи вукIине ккола лъиданиги релълъинчIев. Жиндир хаслъи бугев. Гьес хъвараб жо, гьоркь цIар гьечIониги, лъалеблъун букIине ккола. Дица хъвала къватIахъ бицунедухъ, цо-цо бакIалда правилаби хвезарун, стилистика хисизабун. Гьале гьав дир Аркадийица гIадин хъвала гIемерисез интернеталда. Амма дица киданиги рекъечIел, хъачIал рагIаби риччаларо.

***– Унгоги гьедин буго. Дагъистаналда хIалуцарал лъугьа-бахъиналги дуца, махсаро-хочIги гъорлъе бачун, гIодоцинарула. Филологаздаги некIого бичIчIана «ГIурччинаб гIундул халатаб тIаргъида» гъоркь вахчун лъикIаб лъай щварав блогер-интеллигент вукIин. Дуца дудаго тIад кинаб хIалтIи гьабулеб?***

– Кинабниги гьабуларо. Кинабго дида лъалиланги кколаро дида, амма гьабсагIат дие гIун буго. Энтузиазмги дагьлъун буго, сундул хIакъалъулъ хъвалебалиги хIалицаго балагьула. Гьединлъидал, лъугьараб, бахъараб, таралъул хIакъалулъ хъвалев вукIунаха. Гьединго, дунгун хIалтIилей йиго Мадина. Дица гьелъухъе кьун буго кинабго эркенлъи, дунго эркенав художник хIисабалда вуго.

***– Кинал блогералги блогалгиха дуе рокьулел?***

– Дие рокьула гIадамазда лъалел дагъистаналъул блогерал: Тимур МухIамадов, МухIамад БисавгIалиев, Марат Лугуев. Гьезул махщел буго жидерго рекIелъан, жидедаго бихьуледухъ бокьараб лъугьа-бахъиналъе къимат кьезе ва цIализе бокьуледухъ гьеб хъвазе. Дунялалдаго лъалел блогеразда гьоркьо-




са, дица цIалула Рамзан Къадыровасул, Дмитрий Медведевасул, Собчакил блогал. Амма нилъералго дие гьездасаги рокьула.

***– Аслияб къагIидаялъ лъицаха мун цIалулев?***

– Дидани кколеб букIана гьел дир гIелбащадал ругилан. Амма гьенир ратана батIи-батIияб гIелалъул гIадамал, гьезда гьоркьор «МагIарулай» журналалъул хIалтIухъабиги.

***– Блогеразда гьоркьорб конкуренция букIунищ? Яги нуж гьудулзабийищ? Профессионалияб этикайилан абураб жо букIунищ нужер?***

– Конкуренция гьечIо. Гьудулзабийиланги абизе кIоларо, амма цоцазул адаб-хIурмат гьабула. Ва кидаго цIехола пост гьанибехун босизе бегьилищилан, цоцазе ссылкабиги кьола.

***– Плананалда щибха бугеб? Щуго сональдасан кив вихьулев мунго дудаго?***

– Гьел планазе дун лъикIав гьечIо. Кинабго дица, чваххун унеб гIор гIадин, биччан тун букIуна. Къисматалъ кинаб сайгъат гьабилебали лъаларо – тIадегIанаб хъулухъгIаги щвеларищ диеяли. Кинаб план гьабуниги, Аллагьас хъвараб букIинарищха!

***– Гьал магIарул руччабаздехун кинаб бербалагьи бугеб дур?***

– Нилъер руччаби руго дунялалда бищун берциналги, лъикIалги, гIакъилалги, къиматалги, сабуралги, киналго кавказалъул руччабазда гьоркьобги гьединаб хаслъи буго нилъер руччабазул. Дагъистанги буго, Россиялъул киналго регионазда гьоркьоб, бищунго кинабго рахъалъ берцинаб МугIрузул улка!

***Виолетта Ратенкова***



# ХӀакъикъат санагӀатаблъун букӀунаро

Марина Ежова

*КигӀан захӀматаб букӀаниги, ахӀвал-хӀалалъул хал-шалги гьабун, кӀвар бугел проблемаби лъималазул омбудсмен Марина Ежовалъ киназдаго рагӀизарула ва, бакӀалъул хаслъиги хӀисабалде босун, нух батизе хӀаракат бахъула. Рагьун, бугеб хӀалалъ гьел проблемабазул бицунеб букӀиналъ, гьелъ жиндего тӀаде цӀала журналистазул интересги.*

*Жакъа гьей йиго нилъер журналалъул гьобол.*

***– Марина Юрьевна, лъималазул омбудсмен – гьеб захIматаб, гIемерал рахъал хIисабалде росизе ва тIубанго гъорлъе лъугьине кколеб хIалтIи буго. Гьениб юристасул, психологасул, социологасул лъайги къваригIуна. Дуца бищунго кIвар бугеблъун щиб рикIкIунеб?***

– Пачалихъалъ гьабсагIат лъималазде, киданиги кьечIебгIан кIудияб кIвар кьолеб буго: школал ралел руго, кванториумал, ИТ-клубал рагьулел руго. Гьединал учреждениял гьечIел бакIаздаги, библиотекабазда электрониял порталал рагьун, мастер-классал тIоритIун, балагьулеб буго рес лъималазе лъай кьезе. Гьезие бокьи буго аслияб шартI. ГIемерисеб мехалъ бокьуларого буго. Гьале нилъехъа кутакалда лъикI бажарана, гIарцул гурони къимат гьечIеб, капиталистазул гIел гIезабизе. ЖамгIияталъе гIоло, харж-мухь гьечIого хIалтIи гьабулел чагIи гьез гIабдалзабилъун рикIкIуна. ГIумруялъ цIалделев, жиндаго тIад хIалтIулев вукIинги чIамучIаб жолъун рикIкIуна гьез. Щибизеха гьеб? «Блогерилан» гIажаибаб хъулухъ буго гьанже баккун. ХIапароялдагIанги гIакълуги къваригIунареб, миллионалги щолеб. Нилъер жамгIиял хIарактчагIи щал гьанже? Кинабго кибго кидаго гьабун бажарулел чагIи. Щивлъун хIалтIулев вукIине кколев къойида жаниб анцIго тадбиралде щолев чи. Сундул профессионал дов? Лъимал матIабилъидал, жидер берда цебе бугеб гьабула гьезги.

***– Нижеда рагIана лъималазулги хъизаналъулги божилъи гьабурав чиясул (уполномоченный) аппараталде лъагIалие анлънусго гIарза бачIунилан. Мадугьалихъ регионазде данде ккун, гьеб кIиго нухалъ цIикIкIун буго. Бищун кIудияб гIилла щиб, гьединан гIемерал суалал нилъер лъималазда хурхун рукIине? БакIалъул нухмалъулез гIинтIамуларогойищ? ГIарзгун рачIине кинал гIиллаби бищун гIемер рукIунел?***

– БитIараб бицани, 650 – гьел руго кагътида хъван рачIарал гIарзал. 2023 соналъ нижехъе кинабниги 1447 гIарз бачIана. Киназегоги бокьун букIуна дунгун дандчIвазе. Гьебни диде бугеб божилъи буго. Цоги миллияб хаслъи – проблемаялъул бицине хIадурал рукIуна киналго, гIагарлъиялда, мадугьаласда, росуцоязда лъалеб гьечIони. ГIарац кьун гурони адвокат щоларелъул, лъималазул омбудсменасде букIунеб бугоха хьул. Я гIарац, я цогидаб, нижее гьездасан къваригIараб букIунарелъул. Адвокатазилан абуни, гьел цIала лъугIелго гьечIеб судалъул процессалде. Нижеца хIаракат бахъула судалде ине ккечIого суал тIубазе. Нижехъе рачIунел суалалги цIакъ батIи-батIиял рукIуна: Дир вас школалда тIоцебесеб партаялда нахъа вукIинавулев гьечIилан абуралдаса байбихьун, лъималазда тIад зулму гьабиялде ва гьев живго жинцаго чIваялде ккезавиялде гIунтIун. Цоги гIемерал эбел-инсул гIарз букIуна лъималазе кинабго хиралъун бугилан, гьезие къваригIараб-тараб, дараби, росизе рес гьечIилан. Инвалидал-лъималазе шартIал ва гьезие къваригIунел врачал-специалистал росабалъ гьечIилан. Гьез гIарз гьабулареб жого лъаларо дида.

Нухмалъулезул бицани, гьелги батIи-батIиял руго: цо-цо бакIалда лъачIого, бихьичIого батула проблема, лъарабго кумек гьабула. Цо-цо бакIалда гьездаги щибго гьабизе кIолареб букIуна ахIвал-хIал. Цо-цо гIорхъолъа арал лъугьабахъиналги камуларо.

Гьале цо районалда гIемерлъималазул эбел эбелъиялдаса махIрум гьаюн ятун йиго. Опекаги батIияв чиясда тIад гьабун, досие щолеб букIун буго лъималазул гIарац. Жийго гьезул эбел гурейлъи гьелда лъан буго лъималазе пособие гьабизе МФЦ ялде араб мехалъ. Гьениб ниж гъорлъ журан тIурачIо, уголовнияб делогицин рагьизе ккана.

***– БитI ккечIел, лазат бахъарал хъизанал структурабазул бетIер унти буго. Кинаб хIалтIи гьабулеб бугеб лъималазул омбудсменалъ гьединал хъизанал нухда рачине. ВахIшиял эбел-инсудаса лъимал цIунизе кинал инструментал нужеца хIалтIизарулел?***

– Лазат бахъиги батIи-батIияб букIуна. Цо бакIалда ратIалъи ва лъималги къайиги бикьи. Гьениб лъимал руго

гьезул ярагъ. Лъимал аскIор ругезухъ рукIуна выплатабиги, алименталги, дов дандияв хIакъир гьавизе ресги. Гьеб заманаялъ къварилъиялъ къвалги бан рукIуна лъимал – рос-лъади рукIарал ругониги, эбел-эмен цере рукIаралльун рукIунарелъул. Цо-цо бакIалда гьекъолеб жо яги наркотикал, цогидалъ цIакъго мискинаб хъизан, лъималазул тIалаб гьабизе рес гьечIеб. Цо-цо нухалъ гьелъул гIаксалда: кинабго тIокIборчIун ва бечелъиялъ бетIер сверизабун. Цо-кIиго бакIалъул турниралда бергьунилан живго Тайсонлъун вихьулелги рукIуна. Амма гьев гIолохъанав спортсмен гуро, вукIинесев уголовник вуго. Гьел щивасде батизе ккола хасаб нух.

ГIемерал социалиял, творческиял, лъайкьеялъул проектал руго нижер. КIогоялдасаги тIаде. Мисалалъе «Хинлъи кьола» йилан абураб акциялъ, чIахIиял классазул гIолилазда эркенаб заман кин тIобитIилебали малъула, гьединго специалистал ахIула къватIахъ жеги гIечIел гIолилалгун жамгIияб хIалтIи гьабизе. Гьеб акциялъ гьабизе иш гьечIого къватIахъ лъугьарал лъимал ралагьула. Къаси мехалъ гьел гIолилал ракIарарб бакIалде уна, рехон тарал бакIазде ун, гьел ралагьула, гьел рокъор щай гьечIелали лъазабула, кинал проблемаби ругелали цIехола, рокъоселгун хабар данде ккезабизе малъула яги кризисалъул централда рекъа-решон ккезарула, закон  ва къадру цIунун хьвадизе малъула. ЦIакъго хIажатаблъун батана «Эбел-инсул жанахI» абураб проектги, эбел-инсуца гIолилалгун кин хабар данде ккезабилебали малъулеб. Гьанже гIолеб гIел батIияб буго, гIадатлъун рилълъарал, ругьунал тарбия кьеялъул къагIидаби гьезие данде кколаро.

***– Кинал социалиял идарабигун хурхен гьабулеб лъималазул омбудсменалъ? Гьеб хурхеналъул пайда бугилан абизе бегьулищ?***

– БичIчIанихъе, лъималазул гуреб темаго букIунеб гьечIо. Нижеца хурхен гьабулареб, я пачалихъияб, я жамгIияб, я динияб идара гьечIо. Дие батIалъи гьечIо лъица кумек гьабуниги, аслияб мурад буго лъимералъе кумек гьаби. Пайда бугищилан абураб суалги хIиллаяб буго. Киналго гьел идараби рукIине кколедухъ хIалтIулел рукIаралани, кумек тIалаб гьабулел чагIи рукIинароан ва дие хIалтIи букIунароан.

***– Палестинаялдагун Израилалда бугеб тунка-гIусиялъ жиндирго хиса-басиял гьаруна миграциялъул политикаялда жаниб. Цогидал регионазго гIадин, Дагъистаналъги къабул гьаруна рагъудаса тIурун рачIунел палестиназул хъизанал. Гьезул лъимал кин ругьунлъулел ругел нилъер республикаялде? Гьезул кинал суалал дуца тIуразе кколел ругел?***

– Палестина буго бокьарав сахав чиясул рекIел унти. ООНалъул Генералияв секретарас абуна, жакъа къоялъ бищун кIудияб лъималазул хабзал Газа бугилан. Абизени абуна, амма гьеб рагъ чIезабизе кинаб букIаниги иш гьабичIо. Газаялда щибаб 5-6 минуталда жаниб цо лъимер чIвалеб буго.

Омбудсменасул хIалтIул кIвар бугелъул цояблъун ккола рагъал ругел бакIаздаса лъимал хвасар гьари. Анлъго соналдасаги





буго нижеца ГIиракъалдаса ва Сириялдаса лъимал нахъе рачунел ругеб. Гьениса нижеца 350 лъимер бачана рокъобе. СВОялдаса нахъе рачарал лъималазул къадар азаргоялдасаги тIаде ана. Гьеле гьелъие гIололъидал Украинаялъул нухмалъулез, лъимал рикъулел ругилан, нижеде гIайиб гIунтIизабураб. ГIемерисел дир коллегаби европаялъул пачалихъазул санкциязде гъоркье ккана. Гьединан, федералияй омбудсмен Мария Львова-Белова халкъазда гьоркьосеб уголовныяб судалъ жаний тIамизе ордерцин кьуна. Ниж хIинкъун рукIана тIокIал лъималазда хадур ун бажариларилан. ТалихIалъ Палестиналъул лъимал кумек щвечIого хутIичIо. Жакъа нилъер республикаялда гьитIинал палестиназе киналго шартIал чIезарун руго. Меликовасги гьезда тIад квер лъун буго. Гьеб гуребги, гIемерал дагъистанияз гьезие кумек гьабизе бокьи загьир гьабулеб буго. Рес букIаго киназего кIудияб баркала кьезе бокьун буго. Гьел лъимал уна школалде., Жиндиего бокьун цо тохтурас киназулго гIусалги къачIана. ЦIияб соналъул байрамги тIобитIана, берцинал бакIаздеги рачана, кинабго лъикI буго. Дир тIалабалде гъоркье кколев щинав чиясухъе дица дирго телефон кьола ва гьоркьов чи кквечIого бокьараб суал тIубала. Нижецаги киназего кумек гьабула, гIемерисез нижееги гьабула. Гьеле гьединаб лъикIлъиялъул гор буго.

***– ГIаданлъи. Кинаб бакI кколеб гьелъ нужер хIалтIулъ? Абизе бегьулищ гьеб бугин аслияб шартIилан?***

– «ГурхIел-рахIму, ракIунти буго гIадамасул бищун тIадегIанаб форма», – йилан абуна Ф. Достоевскияс. Гьеб рахъалъ Дагъистаналда хIалтIизе цIакъ бигьаяб буго. Нилъер руго, чияр къварилъи жидерго гIадин борхулел ва ахирисебги кьезе хIадурал, кутакалда лъикIал гIадамал. Гьаб хIалтIулъ аслияб шартI буго гIаданлъи. Лъимералъул къисматалъул суал бугеб бакIалда, гьеб цохIо букIаниги, рекIехъ гIенеккизе ккола. Дида лъала дир ракI сундуе гIоло кIетIолеб бугебали…

***ГIайшат Тажудинова***

# Дица чIужу ячинчIеб къо

ВорчIана. Цо кинабалиго хIинкъи рещтIана рекIелъе. РакIалде щвана микьгоялда цо чIамучIаб интервью букIин ва, гьелда хурхун, менталияб гIазаб-гIакъуба нахъе тIамун тана.

ЧIамичIого цо жоги къулчIун, кофеялъ кIалги бухIун, катида ван гIодов ккезеги вахъун, гьелъул рази гьечIеб гьаркьихъги гIенеккун, букIкIуркIкIинчIеб гIадаб ретIелги ретIун, рокъоса къватIиве лъугьана.

КъватIиб – сордо гIадинаб рогьел. Каспийскалъул хъван-хъвани букIана рагIулеб. Кьижа дир хирияб шагьар, дуе гIадин талихI дие кьун гьечIин.

Рогьалилъ рахъарал гIедегIун рукIана жидерго ишазде. Цоял анализал кьезе. Цогидал гьезухъа анализал росизе. (Я Аллагь, батагиха гьев къисматалъе мутIигIав чиясда гьел анализада жаниб, жиндирго цIар кьелеб гIадаб, гIелмуялъе интерес бугеб жо).

ГIажаибаб жоха, гьеле гьеб рогьалил гIужалъ лъабго лъалев чи дандчIвана дида. НекIо-ялдаса рихьун рукIинчIел. Гьанжеги рихьун рукIинчIеланиги дагьабги лъикI букIинаан.

ГIадамал батIи-батIиял, амма киназулго цого суал:

– Жеги чIужу ячинчIищ? Сундухъ валагьунха вугев?

Дида киданиги лъалароан кин гьел суалазе жаваб кьелебали:

А) Дунго гIабдал гIадин вихьичIого вукIине.

Б) Дов суал кьурав гIабдаллъун кколаредухъ.

Диени тIоцебесеб вариант бокьула. Гьале гьаб нухалъги бичIчIизабуна: «бе- ме, гьа-дин-додин, гьавуралдасаго вуго гьадинав».

ГIадамал батIи-батIиял, амма дир жавабалъ гьезул къаркъалаялъе цого асар гьабула: божичIого гIадин гьимигун «халат бахъинабуге, цIацIаге гьеб суал» илан тIагIуна дир гIумруялдаса.

Амма гьеб къоялъги ячинчIоха дица чIужу.

Дун дуго ДАГЪ ва дие буго 35 сон. Гьелъул магIана буго цо-цоял дида гурхIулилан, цо-гидал божилъиго гьечIого гIадин ралагьулилан абураб. Дица, машинаги тIасан бачун, чи чIчIинтIун вукIараваницин рукIинароан дие гьелгощинал суалал. Щибха гьабилеб, гье-динги букIунайилан абулеб гIадин.

Спикерасухъеги щун диктофон биччайгун бичIчIана дида, диргун гара-чIвариялъе ва-чIарав чи Дагъистаналдаго бищун талихI гьечIев руччабазул гугариялъул тренер вукIин.

– Цониги чемпион гьечIо дир! Цониги! – йилан абун бицана гьес, – Гьединлъидал цо щиб букIаниги лъикIаб жо гьабизе ккеларищ дица гьезие. БитIараб гьечIищха? БитIа-раб буго! Гьединлъидал дица диего рагIи кьун буго гьел талихIаб ригьнаде кьезе. Гьа, дур йигищ чIужу?

– Божиледухъ гьереси бицине кколеб бакIалда, дун, цIорораб гIетIги бан, кабине-талъуса къватIиве кIанцIана. Хвезабураб интервьюялъухъ редакторас магIидаги вазе вуго дун. Амма бахIаразул парадалдаса гьебго лъикIилан ккана дида.



***Гьаб буго т1убанго, т1оцебесеб «в» ялдаса бахъараб ахирисеб «л» ялде щвезег1ан, ургъун бахъараб хабар. Г1ахьалчаг1иги дунялада ругел чаг1и гуро. Хасго мадугьал.***

Щвана дирго рукъалда аскIове. Векерун щуабилеб этажалдеги вахун, «чIужу гьечIев чи чи гуро», «дур эбел-инсуе лъимал рокьун руго» йилан абурал харбаздаса, рахан нуцIагун, вахчилилан вукIана...

Къисматалда махсаро бичIчIуларелъул. Махсаро гьабизе байбихьани, гьеб чIезабизеги кIоларо. Ункъабилеб тIалаялда дандчIвана мадугьал. Гьес Iо соналъ абулеб буго дида: «Дуе 30 сон буго гурищ? Заман щун буго, вац, хадуб захIмалъила», – ян.

Гьаб нухалъ гьесда ракIалде щвана кидаялиго дица ремонт гьабулеб букIин. Гьеб заманаялъ гьес чIужуялда абун буго:

– Русикил рокьи ккун буго цо ясалъухъ, амма гьелъ абун буго: «Ремонт гьабичIони дун дуе ячIинарилан». Гьале гьанже батареял хисулев, обоял седолев вуго.

– Гьелъул нахъегIанлъи бихьуларищ, – илан гьелъ мадугьалалда бицун буго.

– ЦIодорлъи щиб гьелъул! – илан гьелъ гъоркьияб тIалаялда ругел мадугьалзабазда бицун буго.

Гьей гьез ургъарай абурай дир гьечIелдаса чанго сон ана, амма зама-заманалдасан гьейги ракIалде щун: «кидагIаги гьав 45 квартираялдаса гIоркьилас чIужу ячуней?», – илан ралагьун чIун руго гьел.

Мадугьални дица веццана. ЦIакъ лъикI ургъун бугилан. Вуди АленгIаги кивдай гьеб заманаялъ вукIарав, киношедевр бахъилаан гурищ. Мадугьалас, велъизеги велъун, дун виччана.

Дун свакарав, макьихарав, дирго квартираялде кIкIуржана ва кьижун ккана. БичIчIулеб жо гьечIищха – дида ДОБ БЕРТИН макьилъ бихьана...

Дунги бахIарайги руго, рахъунги чIун, вас гьавураб мехалъ кинаб туманкIалъ кибе речIчIизе колебали ва киса гьеб учузго босизе бегьулебали бицунесухъ гIенеккун. Цинги микрофоналде аскIове вачIунев вуго дов, дида рогьалилъго данде ккун вукIарав лъалев-хъвалев, гугарухъанасул трикоги ретIун ва гьес гьикъулеб буго:

– Жеги чIужу ячинчIищ? Сундухъ валагьунха вугев?

ВорчIана. Доб кинабалиго хIинкъи буго гьанжеги нахъа чIун. Радал букIарабги ракIалде щун, дун гьелде тIаделъана.

МагIна щибха аб гIумрудул? Сундулъ? Мун щиб? Кидаго дида тIад щай мун белъулеб? Махсарабазда нахъа дурго хIинкъиги бахчунищ бугеб, хъурумсахъ?!

Дица угьун биччана. Гьимана. БачIа къвал базе, дир хирияб хIинкъи. ЦохIо дуца кьола дие магIнаял суалал!

***Руслан Бакидов***



## Зинаида Чавтараева

*Пардав къазегIан, кинабго дир гIумру театралъухъ ралагьаразда цебе лъун букIуна...*

# ГIумру тIамизе ккола сценаялда!

***Эффенди Капиевасул цIаралда бугеб Тумазул музыкалиябгун драмаялъул пачалихъияб театралъул актриса, ДРалъул мустахIикъай артистка, Халкъазда гьоркьосеб миллиял театразда гьоркьоб тIобитIараб фестивалалъул «Бищун лъикIаб руччабазул роль» номинациялда бергьарай Зинаида Чавтараева театралде ячIана гIумрудул 18 сон барай гIолилай. МахIачхъалаялъул музыкалияб училищеялъул студенткаялда рагIана театралъул труппаялъе кечI ахIизе махщел бугел актерал хIажат ругилан. Зинаида, жиндирго гьунар букIиналъ, гьебго къоялъ йосана хIалтIуде, «Рокьиги магIуги» спектаклялда Гъумекиса ПатIиматил роль хIайдалин абуни, лъугьана театралъул цересел артисткабазул цояйлъун.***

Жакъа Зинаида Чавтараевалъул репертуаралда руго гIамал хаситал, жанровиял хасиятал, социалияб положение бихьизабулел батIи-батIиял ролал. Гьел ккола Шекспирил Джульеттаги Офелияги («Ромео ва Джульетта», «Гамлет»), Ф. Г. Лоркил «Бернард Альбал рукъ» спектаклялдаса Адела, Б. Рамазановасул «Махсараде ккураб рокьи» ялдаса Баху ва гьел гурел цогидалги сценаялъул сипатал.

Зинаидаца лъикI кечI ахIулаан ва гьелъул, киналго ясазул гIадин, анищ букIана артисткалъун яхъине.

Балагьараз биценихъе, (тумазул театралде нижер коллектив кидаго ахIулелъул, лъала), нилъер героиня ракIалъ йосулей гIолохъанай, берцинай актриса йикIин гуребги, гьелда тIокIборчIун лъалеб буго рахьдал мацI. ГьелъулЪ буго, балагьарал спектаклялъул дунялалде рачине, гьезда образал ракIалда чIезаризе махщелги гьунарги. Жиндирго гIолохъанлъиялъухъ балагьичIого, гьелъулъ буго байбихьулел актерал творчествоялъ «унтизаризе», чIаголъизаризе таваккал-бажариги.

– Дун ракI-ракIалъ йохула, театралде гIолохъанал, беразулъ кунчIи бугел гIадамал рачIиналдаса. Гьезул сценаялде ракI буго. Дие гьелъул кIвар буго, щайгурелъул дилъгоги иллагьияб рокьул цIа гьелдехун букIиналъ. Театрги чIагояб къаркъалалъидал?! Гьеб кидаго цIилъулеб букIуна, – ян бицана Зинаидаца.

***– Щиб ккола дуе театр?***

– Театр буго нилъер гIумрудул матIу. Константин Станиславскияс абуна: «Театралъул цохIо рекIелгъеялъулаб магIна букIарабани, гьебщинаб захIмат гьелда жаниб лъезе ккелароан. Амма театр буго гIумру матIуялъусан бихьизабулеб искусство» – ян.

***– Цойги гьесго абуна: «Театр ретIел балеб бакIалдасан байбихьулилан»...***

– Дун разияй йиго Станиславскийгун. Театр кколаро гIицIго труппа ва режиссер. Гьеб ккола художникалги, костюмералги, реквизиторалги, осветителалги... Гьеб буго кIудияб гъункараб коллектив, сценаялъул хIалтIухъанасдаса байбихьун, у-у, гардеробщицаялде, билетершаялде гIунтIун. Постановка гIадамаз къабул гьаби бараб буго киназдаго.

***– Щал чагIиха кколел актерал?***

– Гьел руго гIажаибал, ракI тIеренал гIадамал. Театралъул актерлъун гьаб за-

маналда хIалтIула цо шартIгун – дуе сцена рухIгIан бокьулеб букIиналъ. Цевевахъиналда дуда кIочене ккола рукъалъул хIалтIиги кинабго ургъел бугебги. Щибав актер ккола цIалдохъан, нижеца абадиялъго лъазарулел рукIуна цIиял ролал. Сценаялде рахъунелъул, диваналде цере рахъунел гIадин уна ниж, аслияв диванбег ккола зритель. Дицаго дидаго чанги гьикъула дица: бегьулищ театралда гьелдехун рокьи гьечIого хIалтIизеян. Актерасул машгьурлъи батани, гьеб ккола гьесие жиндирго иш бокьулеб букIиналъул гIаламат. ЛъикIаб магIнаялда, инсанасда сценаялда хIазе кIоларо. Гьес гIумру тIамизе ккола сценаялда!

***– Фаина Раневскаялъ гIемер абулаан: «Дица малъуларо «хIазе» абураб рагIи. ХIазе бегьула кагътал, шашкаби, чуял риччай. Сценаялда гIумру гьабизе ккола» – ян.***

– Кидаго гIадин, Раневская битIарай йиго. Роль дудаго гъорлъан биччачIони, дуца гьеб лъикI хIан букIунаро.

***– РекIее къабуллъичIел ролал хIазе кканищ дуца?***

– Узухъда, ккана. Амма дица гьел рехселаро. Цо-цо къабуллъичIел ролал хIайдал бачIуна машгьурлъи, хIатта, дунялалдаго цIар рагIарал актеразецин.

***– МукIурлъе, кIочанищ текст спектаклялда?***

– Гьеб жо кколарев актерцин вукIунев ватиларо.

***– Кинха ахIвал-хIалалдаса йорчIулей йикIарай?***

– Киназго гIадин, ипровизация гьабулаан нухаго.

***– Бищунго сценаялда сундукьа хIинкъулей?***

Короновирсуалъ унтун хадуй хIинкъизе байбихьана гьаракь къиналда. ГьабсагIат къвакIун чIун йигоха.

***– РакIунтун, унго-унголъун гIоданищ сценаялда?***

– ГIемерго. МагIу бачIуна гьабулелъ, амма гIоди мурад гуро. Театралъул режиссер Немирович-Данченкоца абухъе, дун гIодула сценаялда захIмалъун я квеш букIун гурей, персонажасул рекIелъ гьеб лахIзаталъ бугеб асар дирго рекIелъе биччан. Дие бокьула сценаялда ритIухълъи. Елъиги гIодиги бачIуна ракI-ракIалъ, зрителасе асар гьабизелъун. Дир гIумру буго сцена. Дун гьабсагIат Зина гурин, Джульетта, Офелия, Адела йигин ракIчIезабула дицаго дирго. КIодо гьабулей гуро, кигIан диего гротексалъул ролал рокьаниги.

***– Комедия, трагедия ялъуни драма?***

– Драмаги трагедияги. Образ гъваридаб бугогIан – жеги лъикI.

***– Режиссер – деспотищ демократищ?***

– Дида ккола, режиссер, актерал церехун туркIизаризелъун, деспотлъунги вукIине кколилан. Гьесул гъуждузда буго тIолго труппаялъул, кIвар бугел хIукмабазул гьир. Гьебго заманалда режиссерас рагьула щивав артист гIеялъе ва творческияб рахъалъ рагьиялъе шартIал.

***– Кинаб рекIел асар дур букIунеб спектакль лъугIун хадуб, гIадамаз хъат чIван сценаялде тIадюссун ахIулелъул, тIугьдул кьолелъул?***

– Дилъ борчIула кIудияб баркалаялъул асар, гьединаб рес щваральухъ. Щибаб спектаклалда батIи-батIияб букIуна зал, жиндиего хасиятаб энергиягун. Щибав зритель вухьун вукIуна сценаялде жиндирго хаслъиялъ. Дун йохарай йиго щибав зрителгун театралъул гIаламатаздалъун, гьелъул мацIалдалъун гара-чIваризе щвеялдаса. МацIазул бицунеб бугелъул, спек-





таклял нижеца лъола гӀурус ва тумазул мацӀазда, гьелъул лъикӀаб хӀалбихьиги буго.

***– ГӀемерал машгъурал артистаз, Раневская гӀадал цӀар рагӀаразцин абула, спектаклялдаса хадуб асаралъ кьижизе кӀоларого рукӀунилан. Дур кин бугеб гьелъулгун иш?***

– Дирги гьединго. Ниж пишацоялгун гӀодорчӀун хутӀула гримеркаялда кофеялда нахъа, бицуна спектакль кин арабали, дандрала творчествалъулал пикраби, лазат босула, театралдасаго къватӀире инчӀого, гьудул-гьалмагълъиялъул свериялъул. Гьеб мехалъ бичӀчӀула дида дун гьаб махщалилъ гӀадада гьечӀейлъи ва дунго талихӀайлъун рикӀкӀине бегьулеблъи.

***– Дуе талихӀ гӀицӀго сценаялдайищ бугеб?***

– Гуро. Театралъул дие кӀвар буго, амма гьеб дир кинабго гӀумру гуро. ТӀадегӀанас гӀумру гӀуцӀун буго, инсанасул талихӀ хъизаналъул гъанситоялда ва гьудулзабалъ батиялъулъ.

Мисалалъе, актеразулаб талихӀ букӀуна махщалил батӀи-батӀиял аспектазда: кӀвар бугел, интересал ролал хӀаялда, батӀибатӀиял дунялазде, асаразде жанире лъугьиналда, ишцоязул ва зрителазул рокьуе мукӀурлъиялда, рец-бакъ, творческияб цебетӀеялда, батӀи-батӀиял фестивалазда гӀахьалъиялда ва гь.ц.

Хъизанин абуни актрисаялъе ккола – аскӀор ругезул бичӀчӀи ва рокьи, захӀмататал лахӀзатазда кверчӀвай. Рукъ ккола нилъер рекӀее рахӀатаб, парахатаб, хадусел захӀмалъабазде данде къеркьезе къуват кьолеб бакӀ. Актрисаялда батизе ккола жиндирго хӀалтӀудаги рукъалъул талихӀалда гьоркьобги баланс. Рокъосезулги гьудулзабазулги квербакъиялъ кумек гьабула профессионалиябги хасабги гӀумруялда талихӀайлъун йикӀине.

***– Хасаб гӀумруялъул бицинищ рагъун?***

– Бицинаро. Араб гӀасруялда советияб киноялъул ва театралъул цӀваби рахчун рукӀунаан балъголъиялъул нуралъ. Лъиданиги лъалароан гьезул хасаб гӀумруялъул. Гьел рукӀана «маххул» пардавалда нахъа. Ахирияб 30 соналда жаниб байбихьана бугеб щинаб гӀумру рагьун бихьизабизе, «шкафазда жаниса скелетал» къватӀире рахъизе. Гьеб гӀемерисезда чӀалгӀинеги чӀалгӀана. Диеги бокьуларо. Дир гӀумру рагьараб хъатиниб лъун бихьула сценаялдасан, пардав данде цӀазегӀан…

*Виолетта Ратенкова*



# Савдат ХIажиева

***Савдат ХIажиевалъул эбел-эмен руго ЦIумада районалъул ТIисси росулъа, гьей гьаюна ва гIуна Хасавюрт районалъул Могилевское росулъ. Къисматалъ ячун, гьанже Савдат хъизан-лъималгун гIумру гьабун йиго Франциялда. ВатIаналде бугеб чIалгIеналъ хъвазе байбихьанила жинца кучIдулилан бицана Савдатица. Кидаго бокьулеб букIун буго Расул ХIамзатовасул творчество, рекIехъе цIалулел рукIун руго кучIдул. Франг мацI лъазабулаго, цадахъ лъазарун руго авар хасал хIарпалги грамматикаги, жиндирго кучIдул хъвазе.***

## *Рикъ-рикъарал нухал*

Валагьуге диде сихIирал бераз,
Дур балагьи дие балагьлъун бугин.
АхIуге дие кечI, хъваге дий сарин,
Сири балеб бугин мун вихьаравго,

ЧIваге гьанже наку, гьедуге дие,
Дур хIилла-макруялъ гIорцIарай йигин,
ХIажат гьечIо гьанже рокъул бицине,
Чара хварал къоял гIемер рукIанин.

ГIела, гьудул, гIела, махсара гIела,
Ана гIолохъанлъи, ана аб гIумру,
Дур магIил гIораца хIор чIун батани,
Дир магIил ралъдада лъеданин гама.

Мун дир МахIмуд гуро, дун Муи гуро,
Гьанже нилъер нухал рикь-рикьун ана,
Дуе хъвараб дир кечI, ахIараб сарин,
ЩIорораб рекIеда бикIун те, даим.

## *ВатIан*

ВатIаналъухъ рокьи, сун унареб цIа
РекIун буго дида, рикIад йигелъул.
Дир борхатаб тIалъи цIунулел цIумал,
Рoржун рачIа дихъе, урхъун йиго дун.

Дир берцинал мугIрул, борхатаб тIалъи,
ТIолго дуй бачина берцинаб бакъан,
Каспиялъул гьури, бацIцIадаб гьава,
ТIолго дуе хъвала кочIол рагIаби.

Дур халкъалъул къвакIи, рагIул шулалъи,
Гьаб дунял рагIалде цIехон щолареб,
Дур гIадинал васал кирго ратичIо,
ЯхI-намус цIунарал, цIумал гIадинал.

## *Дир дада*

Дир гIадинав дада лъилго вугодай,
РекIел анищазул кIудияб гъамас.
Мун нижер гIумрудул гвангъараб чирахъ,
Мун дур тухумалъул чIухIараб байрахъ.

Халкъалъе вокьулев, къимат цIикIкIарав,
Хъулухъ гьитIинаб дур, къимат кIудияб,
Мун аскор щваразул мурад тIубалев,
Киналго дудаса рази гьарулев.

БухIулеб, бежулеб буго гьаб дир ракI,
Къисматалъ рикIкIаде кканин дунилан,
Дуе дир тIалабалъ рахIатго щвечIин,
ТIадегIанав Аллагь, цIуне дир эмен.

Дада, дун дудаса чIухIарай йиго,
Мун лъикIал ишазул цевехъан вугин.
Дур къадру цIунила, къимат цIунила,
Мун нижер кIудияб пикрабазул гIор.

Кьеги БетIергьанас халатаб гIумру,
ТалихI кьун вохаги хъизамалдаса,
Алжанул нуцIида цIар хъван батаги,
МустахIикъав вуго мун гьеб цIаралъе.

Гьадамазда гьоркъоб къимат кIудияв,
Гьудулзабазда гъорлъ къадру борхатав,
ГIадамазул талихI, мун асков вукIин,
Лъималазул талихI, мун нижер вукIин.

## *Эбел*

ГIумру халалъаги, хирияй эбел
Дие гIумру кьурай, дий хинлъи кьурай
Сардил макьу гIечIей, къад хIалхьи лъачIей,
Каранде ниж жемун, къвал бан гIорцIичIей.

Ихдалил къояца, милъиршо гIадин,
Дур тIанчIи сверухъе, ссанал тирарай,
БецIал сардабаца, рахIат лъачIого,
Сордо рогьинегIан ниж кIийикIарай.

Ниж ракъизе течIей, къечезе течIей,
РакI боххун хутIаяй, хирияй эбел,
Дур берцинаб нуралъ, хIикматаб ракIалъ
Гвангъун буго дунял, чIаго йикIаго.

# МагIарулай, дуй бакъ гьимулеб буго

Амма къисматалъул къварилъабазда
КIвечIо, магIарулай, мун къезайизе,
Къваридаб гIумрудул согIал ругъналъги
МагIарул берцинлъи цIунана дуца...

*Майсарат Сайпудинова*

***МугIрул чIужугIадан. МугIрузул согIлъи щварай. Гьезул къвакIиялъ лъадарарай, къвариялъ еэдарай. Гьезул согIаб ва хъачаб гъасда гIамал чаранлъун бекIкIарай, къуватай чIужугIадан. Сундулъха гьелъул къуват бугеб – магIарулалъул къадру тIадегIанаб даражаялде бахинабун бажариялъулъ. Гьединал руччабаз гурищ миллаталъул тарихалда жидерго цIаралги толел ругел. РекIелъ бугеб къварилъи-захIмалъиги бакIлъиги аскIор ругезда лъазе биччаларей. РакI гIодулеб бугониги, магIуялъе ихтияр кьоларей. МагIу бакканигицин, гьеб ракьалде тIинкIизе толарей. Гьелъульги гурищ бугеб чIужугIаданалъул къуват...***

***Макъалаялъе дица хъвараб цеберагIиялъе мустахIикъайлъун гьейги рикIкIунаго, дие гьаниб бицен гьабизе бокьун буго БежтIа росулъа Кавсарат Сулеймановалъул.***




*Творческияб биографиялдаса лахIзатал*

«ХIакъикъат» газета цIалулезда Кавсарат лъалей ятиялда дир ракI чIола. Щайгурелъул газеталъул щибаб номералда гьей журналисталъул кIиго-лъабго макъала букIуна. Исана Кавсарат Сулейманова гьаюралдаса тIубана 55 сон. Газеталде хIалтIизе ячIаралдаса тIубана 15 сон. КIиябго байрамги цадахъ баркулаго, гьаризе бокьун буго гьелъие дагьалги тIадегIанал творческиял бергьенлъиби.

ГIагараб росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гIолилай цIализе лъугьана ДГУялъул филологияб факультеталде. БагIараб дипломалда гьебги лъугIизабун, 1991 - 1998 соназ хIалтIана Унсоколо районалъул ХъахIабросдал гьоркьохъеб школалда гIурус мацIалъул ва адабияталъул учительлъун. 1998-2002 абилел соназ цIалана ДНЦялда ИЯЛИялъул аспирантураялда. Кавсарат Сулейманова ккола филологиял гIелмабазул кандидат. 2000-2011 соназ хIалтIана ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб гIелмиябгун цIех-рехалъул педагогикияб институталда.

Гьелдаса хадуб Кавсарат жакъа къоялде щвезегIан хIалтIулей йиго «ХIакъикъат» газеталъул мухбирлъун. 15 соналда жаний гьей мустахIикълъана рикIкIен гIемерал шапакъатазе. Гьезда гьоркьорги руго Дагъистаналъул хIукуматалъул ХIурматалъул грамота, Россиялъул журналистазул Союзалъул ХIурматалъул грамота, Республикаялъул печаталъул Министерствоялъул ХIурматалъул грамота, баркалаялъул кагътал, МагIарулазул миллиябгун маданияб автономиялъул шапакъатал.

Амма бищунго рекIее асар гьабулеб шапакъатлъун журналисталъе ккола газета цIалулезул баркала. Масала, гIемер щола дун магIарул районазде. «ХIакъикъат» га-

зеталда хІалтІулей йигилан абидал, тІоцебесеб иргаялда, магІарулаз рехсола Кавсарат Сулеймановалъул цІар, бицуна гьелъул макъалабазул хІакъалъулъ, ритІула гьелде салам ва баркалаялъул каламал. Творческияв хІалтІухъанасе гьелъулъ бугебщинаб магІна – гьес гьабураб хІалтІул хІасилги ва гьелъие къиматги.  Кавсарат йиго миллаталъ къабул гьаюрай журналист.

*Солдатасул эбел*

Кавсарат Сулейманова. Солдатасул эбел. Дида Кавсарат лъалаан, жеги магІарухъ хıалтıулаго. ЦІалдохъабиги рачун, чанго нухалда щвана, гьелъул нухмалъиялда гъоркь газеталда тІоритІулел, конкурсазде. Дида гьей лъалаан, гьунар бугей журналист хıисабалда. Рокьулаан цІализе гьелъ хъварал макъалаби.  Заманалдасан дунгоги лъугьана газеталда хІалтІизе. Ва гьениб тІубанго лъана ва бичІчІана Кавсаратил, лъикІаб кканиги, квешаб кканиги, цо ккураб, хиси гьечІеб гІамал-хасият. Рорхатал мугІрузул ва берцинаб тІабигІаталъул БежтІа росулъ гьаюрай ва гІурай гьелъул гІамалги гьединабго берцинаб батана. ХІалтІудаги, гІодое йиччарай, щиб тІадкъаниги, тІубазабулей, цогидазе кумекалъе хІадурай, кІвахІ щиб жоялигицин лъаларей йиго нижер Квасарат.



Гьеб киналдего тІадеги, Кавсарат ккола хъизаналъул гъасда бакараб цІадул кІудияб хІенехІлъунги. ЧІужугІаданалда бараблъидалха букІунеб гьеб цІадул бухІиги, хинлъиги, рокьиги. ГІумруялъул гьудул ГІабдулагьгун цадахъ, гьелъ гІезабунаункъо лъимер - лъабго васги цо ясги.




Россиялъ Украинаялда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операция байбихьараб къоялдаса нахъе гьелъул вас вукIана ВатIаналъул парахалъи цIунулев. ГIасругIан халалъун батиларищха эбелалъе лъагIелги анцIго моцIги. Амма байбихьуда гьеб лъидаго лъалеб букIинчIо. РагIичIо лъиданиги гьелъул угьи-зигара. Гьеб лъараб мехалда, дун Кавсаратида аскIое йилълъана. Гьелъул ракI батулеб хабар бицунейилангIаги йикIун ятилаха дунги – бихьараб къоялда рекъараб щвечIониги, гIарацгIаги щолеб бугелъулха, щибха гьабилебилан абуна дица.

– Нилъер умумуз гIарцухъищ ВатIан цIунараб? Гьесги цIуничIони, гьев гIадал цогидалги инчIони, щив гьениве инев. Гьай-гьай, бокьиларо улбузе лъималазда рагъ щиб жояли лъазе. Амма дица щибго кwалквал гьабичIо васасе, къисмат тIаса бищулелъул. Рагъулаб форма васас тIад ретIаралдаса нахъе бичIчIана дида гьес тIаса бищараб гIумруялъул нухлул захIмалъиги цIикIкIараб жавабчилъиги. Дир магIуялъ гьесие квал-квал гьабизе бегьуларо, – ян абуна Кавсаратица.

«Хъизаналъул сонги» гьоркьоб ккун, бокьун буго Кавсаратие чорхое сахлъи ва рекIее парахалъи гьаризе. Сунгеги гьелъие Хъизаналъул Бакъ. Биччанте гьеб Бакъул хIикматал чIораз даим гвангъизаризе гьелъул лъималазул гIумрудал сухъмахъал ва шагьраби…

***Шамай Хъазанбиева***



# Тарихалда лъалкI тарал магIарул руччаби

*Нилъеда лъала магIарул халкъалъул бечедаб тарих букIин ва Аваристан пачалихъалъ дунялалъулго сиясаталда хасаб бакI кколеб букIараблъи. Цебегоялдаса нахъе дие рахIат толарого буго, кинаб бакIха гьеб сиясаталда, тарихалда, маданиялда, адабиялда магIарул чIужугIаданалъ кколеб букIарабилан абураб суалалъ. Гьеб суалалъе жаваб балагьулаго дица гIемераб цIех-рехалъулаб хIалтIи гьабулеб буго. Гьелъул хIасилалда тIехь биччазеги ракIалда буго.*

*ГIажаиблъи гьабизе бачIуна: нилъер магIарул къалбал гIунтIичIеб, мугь бортичIеб, тIегь баккичIеб, пихъ барщичIеб бакI, ракь, пачалихъ дунялалда гьечIо. Жакъа нилъеца нуцIа рагьила цо гIажаибаб къисматалде.*

# Зубайдат Шхаплы

Зубайдат Шхаплы гьаюна 1909 соналъ СагIудиязул ГIарабиялъ, Мадина шагьаралда. Гьелъул эмен ГIусманиязул империялъул фельдмаршал ГIусман Ферид-паша Шхаплы гьеб заманаялъ вукIана Мадина шагьаралъул губернаторлъун. Гьев магIарулав вукIинчIо, убыхав вукIана. Амма гьесул чIужу – Зубайдатил эбел – Написат йикIана Шамил имамасул вас ГъазимухIамадилги ЧIохъа ХIабибатилги цохIого цо йикIарай яс. Написат ана ГIусман Ферид-пашае ва гьелъ гьесие гьаруна анцIила цо лъимер. Гьезда гьоркьоса цояй йиго нилъер Зубайдатги.

ГIусман Ферид-паша хун хадуб Шхаплыязул хъизан Стамбулалдаса Женеваялде гочана. Байбихьулги гьоркьохъебги лъай Зубайдатие щвана Стамбулалдаги Женеваялдаги, гьелъ лъугIизабуна американазул колледж. Хадуй цIализе гьей лъугьана Франциялъул Этнологияб институталде. ЦIалана журналистазул Школалда ва ТIадегIанаб художествияб училищеялда. 1933 – 1936 соназ цIалиги лъугIизабун, Зубайдат лъугьана, машгьурал Турциялъул «ДжумхIурият» ва «Ла Республика» газетазул, Парижалда йигей корреспондентлъун хIалтIизе. Гьелда тIадеги, гьей йикIана чанго Франциялъул газетазул штаталда гьечIей корреспондентлъунги.

Гьел соназ Зубайдат дунялалъул гIемерал пачалихъазде щвана: Египеталде, Пакисталалде, Индонезиялде, гIемерал гIарабазул хIукуматазде. Гьел пачалихъазул сиясаталъул, жамгIияталъул, маданияталъул хIакъалъулъ хъварал макъалаби, интервью рахъулаан гьелъ гьенир газет-журналаздаги. Дунялги сверун, жинцаго гIумру гьабизе бакIлъун Зубайдатица тIаса бищана Египет. ГьелъиегиI гIилла букIана: Зубайдат ана Египеталъул къватIисел пачалихъазул ишазул Министерствоялъул жавабияв хъулухъчи ГIали Фахми аль-Амраусси абурав чиясе росасе.

ГIемерисеб гьелъул литературияб творчество хъван буго франг мацIалда. Руго цо-цо гIараб ва турк мацIалда хъварал асаралги. Аслияб къагIидаялъ гьелъ хъвалеб букIана захIматаб заманаялъ Кавказалдаса Туркиялде, гIарабалъе гочарал халкъазул къисматалъул, тарихалъул, маданияталъул хIакъалъулъ. Зубайдатил творчествоялда хасаб бакI кколеб буго, Шамил имамасул нухмалъиялда гъоркь, эркенлъиялъе гIоло къеркьеялъул ва тIолабго Кавказалъул рагъул темаялъ.

Зубайдатил тIахьал рахъун руго гIараб, ингилис, турк ва фраг мацIазда. ЦIакъ гIемер гьелъ хъвараб бахъулаан Турциялда риччалел «Северияб Кавказ», «Цолъараб Кавказ» журналазда, Польшаялъул «Северияб Кавказ», «Кавказалъул магIарулал» журналазда. 1936-1937 соназ Зубайдат Шхаплыл имам Шамилил хIакъалъулъ хъвараб чанго макъала бахъана Парижалда, Варшаваялда, Стамбулалда, Каиралда ва Бейруталда. Литературиябги гIелмиябги хIалтIи цадахъ бачунеб букIана Зубайдатица. Северияб Кавказалдаса гочарал халкъазул гIумруялъул, рукIара-рахъиналъул ва тарихалъул хIакъалъулъ гIелмияб цIех-рех гьабулеб букIана гьелъ. Гьеб хIалтIул хIасиллъун ккана 1978 соналъ Лондоналда ингилис мацIалда бахъараб «Черкесия» абураб монография.

Зубайдатица нилъее нахъе тун буго бечедаб литературияб творчество. МагIарул мацIалдеги руссинарун, чанго гьелъул асарал рахъун рукIана «ХIакъикъат» газеталдаги.

Зубайдат Шхаплы хвана 1979 соналъ. Юкъун йиго Каиралда.

***Баху МухIидинова***

**Шамил МухIидинов**



# Лектор най

## *(Басня)*

Ругьунаб хIалтIудаса
ТIубан батIаги гьабун,
ГьоцIо гьабулеб цо най
Лекторлъун тIамунила.
Дур бегIераб гIакълуги
ГIатIидаб хIалбихьиги
ГIадамазе гьурщизе,
Зузудеян танила.
Байбихьуда найица
Жинда тIад къараб хIалтIи,
Росабалъе боржанхъун,
РакIбацIцIадго гьабуна.
РитIухъаб зузуялъе
Кьолеб къиматги бихьун,
Замана цIехечIого
Хьвадилеб букIанила.
Гьанже, къоял анагIан,
Найил къимат борхула,
Росабалъ гьудулзабаз
Гьекъолдизе бачуна.
Байбихьуда – нечадго,
Хадуб гIадатлъун лъугьун,
Гьекъолеб жо найица
Къойил тIалаб гьабула.
Рукъоб тIад буссунелъул
Берзул ракьанда чIвараб
ХIебецIалъ бицунаан
Найил тIутI лъугьун букIин.
ГьанжелъагIан халкъалъе
Хъулухъалъе батани,
Гьанже най росабалъе
Гьекъолдизе хьвадана.

Гьединан цо хIалалда
Най кидаго хутIилищ –
Алкоголалде данде
ЦIияб указ бахъана.
Гьекъезе бегьулареб,
Кванил лазат лъугIараб,
Росабалъе иналъул
МагIна гьанже тIагIана.
Наялъ хъулухъ хисичIо,
Харж босизе ккеларищ!?
Росабалъе алъ хъварал
Лекциял ритIун ана:
– ТIутI, дун цIакъ занят буго,
Зузузе регIун гьечIо,
Гьаб лекция дуцаго
Гьениб рекъезе гьабе.
ГIенеккизе чи щвани,
Щуго минут гьезий кье,
ЩвечIони, щиб гьабилеб,
Путёвкаби цIун ритIе.

ТIадаб хъулухъ рехарал,
Хъулухъалъги рехарал,
Харж цIунарал гIадамал
Ругелщинал ракьалда.
Нияз тIалаялъубе
Ккараб тIутI хIехьоларо,
Унго, нилъ гIадамазул
Сабруялъул кIодолъи…

# INDIVIDUALITY уже в OMODA АВТОЛЮКС

Для настоящих эстетов и тех, кто хочет еще больше выделяться на дорогах, бренд OMODA совместно с известным автомобильным художником Степаном Скаро подготовили особый проект, который порадует не только креативным подходом и возможностью смело заявить о себе, но и функциональностью.

В коллаборации самого модного автомобильного бренда и уникального подхода к дизайну автомобилей Степана Скаро родился сет специальных стикеров для твоего любимого автомобиля OMODA. Эта оклейка защитит кузов от сколов, царапин, реагентов и прочих неблагоприятных окружающих факторов.




**Данный автомобиль имеется в наличии в OMODA Автолюкс**
**Наш адрес г. Махачкала, пгт. Ленинкент, ул. Кизилюртовская 88а**
**тел: +7 (872) 270-97-40**

## Муслимат МухIамадова



*Дир ракIчIола нилъ бергьиналда!*

# Кинабго бергьенлъиялъе гIоло!

***Киса-кибего бицунебги хъвалебги буго волонтераз СВОялъул гIахьалчагIазе гьабулеб кумекалъул. Гьединаб, ДОКСИС гIуцIиялъ гьабулеб хIалтIиялъул нижее бицана жамгIияй хIаракатчIужу, хIалтIул ветеран, «Знак почета» Орденалъул кавалер, «Солидарность и свобода» абураб жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулесул кумекчIужу, МухIамадова Муслимат ГIабдулкъадировналъ.***

– Гьал къоязги битIулеб буго КАМАЗал цIун гуманитарияб кумек СВОялда ругел рагъухъабазе. МухIамад КъурамухIамадовас нухмалъи гьабулеб «Солидарность и свобода» абураб жамгIияб гIуцIиялъ къого тонналдаса дагь гьечIеб къайи бакIарула. Гьеб кумек нижеца хандакъазда жанир ругел рагъухъабазе щвезабула, Донецк, Луганск, Запорожье, Херсон обласТалда ругел, рагъул балагьалъукье ккарал гIадамазе бикьула. Гьеб гIуцIиялъул советалда йиго, 17 нухалъ СВОялде щварай, ихтиярал цIунулей Ума Аскерханова.

ГIадамаз, нижеде божилъигун, бакIараб къайи нижеца гIадада хвезе толаро. Херал пенсионерал, гIисинал цIалдохъаби рачIуна жидерго нахъе цIунараб гIарацги босун. Сон ячIана 80 сон барай гIурус чIужугIадан. ТIаде яхине кIвечIого, гьелъ дун къватIие ахIана. Жиндирго пенсиялъул цо бутIа кьуна гьелъ СВОялде битIизе. БосичIебани, гьелъул ракI хвезе букIана. Гьединал гIадамал руго нилъер! Жидеегоцин дагьаб гурони жо гьечIел гIадамаз бищунго ургъел гьабула улкаялъул къисматалъул, – ян бицана Муслимат ГIабдулкъадыровнаялъ. – Кумек гьабизе бокьаралги рачIуна штабалде, бищунго гIемер руччаби. Гьез бачIуна жидерго квераз букъараб яги хьухьараб къайи, гьеб сокIкIине кумек гьабула.

КIиго соналда жаниб нижехъе анлъунусгогIанасев кумекчи вачIун вуго. Чанги бечедалги руго гIарцудалъун ку-



мек гьабулел. Кидаго кумекалъе ватула «Гарнитур» абураб тукадул бетIергьан. Гьес кIиго миллионалъул кумек гьабуна нилъер рагъухъабазе. 70-гIан эбел-эмен гьечIого хутIарал лъималазе гьес къваригIунеб щинаб ретIел, хириял сайигъатал, расанкIаби, телефонал росана, – ян бицана Муслиматица.

Гьелъул хIалхьи гьабизе заман гьечIо. Гьаб интервьюялдаса хадубги цоги дандчIвай буго: къайи битIизе машинаби ралагьизе ккола. Гьей свак лъаларей кIудияй гIадан къаси-къад чIечIого хIалтIулей йиго бергьенлъиялъе гIоло. Кинха гьей тIатIала кверал лъун йикIиней, гьелъул 38 сон барав вас, подразделениялъул командир, МухIамадов Хизри рагъда вугеб мехалъ. КIицIул лъукъунги вукIана. 70 рагъухъан хвасар гьавуна гьес. Лъабго лъимадул эмен вуго Хизри.

– Цодагьав цевегIан вачIун вукIана дир вас, чIварав гьалмагъ вукъизе, цинги тIадвуссунги ана, – ян хIухьел биччана Муслиматица. – Аза-азар волонтерал дандельун руго СВОялъул гIахьалчагIазе кумек гьабизе. ХIукуматалъул обеспечениялда ругониги, гьез жидедаго тIадаблъун гьабун буго кIварас кIвараб кумек гьабизе рагъухъабазе. БачIуна батIи- батIияб къайи: миллияб квен, рукъалъул къайи, ретIел. Гьеб кинабго къваригIуна рагъда. Нилъер рагъухъаби рохула гьеб кумекалдаса. Берал кенчIола гьезул хирияб рукъалъул хинлъи чIварабго. Цоги нижеца ритIула коптерал, тепловизорал, ишан босулел жал, печал, хандакъазе чирахъал (окопные свечи) ва цоги рагъухъабазе кумек гьабулебщинаб жоги. Гьеб кинабго нилъер васазе кумекалъе батаги!

«Посылка рагьулебщинахъе рекIелъе лъугьуна нужеца, кигIан рикIкIада ругониги, нижер ургъел гьабулеб букIиналъул асар. Гьелъ бихьизабула нилъер миллатазул цолъиялъул къуват», – ан хъвалеб буго цо рагъухъанас. Чанги рагъухъанасул баркалаялъул видеосообщениял руго Муслиматихъ. Гьелъие жиндиегоги бокьилаан СВОялде щвезе.

90 абилел соназ Муслимат шагьаралъул батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIана. ГьебмехалъгиМуслиматица рукъ гьечIого хутIарав 69 пенсионерасе, жидерго рукъзабахъе руссине кумек гьабуна. Жакъаги гьей СВОялъул гIахьалча-







гIазул ихтиярал цIунулей йиго. Кинабго къваригIараб щинаб бугин рагъухъабазулин бицана гьелъ.

– Дуда бичIчIулеб батиларищха, дора ругел гIолохъабазе цохIо уставалда рекъон букIине кколелдаса цIикIкIараб кумек хIажалъулеблъи. Гьединлъидал, нижеца хIаракат бахъула гьезие къваригIараб щинаб чIезабизе, – ян бичIчIизабуна волонтералъ. Гьелъ аслияб жолъун рикIкIуна кидаго кумекалъе хIадурал гIадамал рукIин рагъухъабазда лъай.

ГьабсагIат щивасда тIадаб буго нилъерго васазе бажарараб кумек гьабизе, рагъул ургъел гурони гьез гьабуларедухъ. Нилъерго къварилъи-захIмалъиялъул ургъел хадуб гьабилаян абураб пикру буго Муслиматил. Гьелъул рагIабазда рекъон, унго-унгояв волонтерасда тIадаб буго жидеде божилъиялда кьураб щибаб гъурщил жаваб кьезе ва гьединго, гьабураб хIалтIул, хас гьабун битIараб посылка кьеялде гIунтIун, сураталл ва видеоял рахъун рихьизаризе.

– Волонтерлъун лъугьин бигьаяб хIалтIи гуро, щайгурелъул, гьез гьабулеб кумек цин гьабун, цин гьабичIого тезе бегьулеб жо гурелъул. ГIадамазул дуде бугеб божилъи хвезе тезе бегьуларо, гьеб мунго дукьаго нечараб жо ккола, – ян бичIчIизабуна Муслиматица. – Гьеб гуребги, «дорехун» ине ккани хIажатал документал хIадуризеги ккола. Кумек гьарун нижехъе рачIуна цогидал шагьараздасаги гIадамал. Нижеца гьел нилъералин чияралин ратIа гьаричIого, къабул гьарула. Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса ругониги, киналго рагъухъаби нилъер ккола. Нижер щулияб бухьен буго Екатеринбургалдаса Уралалъул добровольцалгун. Нижер къокъаялде лъугьарал гIемерисезул гьабсагIат фронталда руго росал, вацал яги лъималазул лъимал. Гьеб буго нижеда, гьанирги рукIун, бищун дагьалдасан гьезие гьабизе кIолеб жо. Гьединлъидал, гьабулеб щинаб ишалъулъ нижеца рекIел гьитIинаб бутIа лъола.

Дир ракIчIола кватIичIого нилъ бергьиналда! – ян лъугIизабуна жиндирго хабар Муслимат МухIамадовалъ.

***Виолетта Ратенкова***



Дженнет
Мусаева

*КечIалъ кумек гьабула*
*гIагараб ракьги рахьдал*
*мацIги бокьизе*

# ГIумрудул нухдасан кечIгун…

## *Рахьдал мацI…*

***«ГIодизе ккараб хIал…», – илан абизе бачIунеб буго. Амма нилъ гIодиларо, гIадамазда щибго иш бажаруларел чагIи ругиланги ккезабун. Жеги руго нилъеда гьоркьор унго-унгоги мацI лъалел, гьелъул къимат гьабулел, рахьдал мацIалъ асарал хъвалел, аралъулги букIинеселъулги бухьен рахьдал мацI букIин бичIчIулел чагIи.***

***РачIаха лъай-хъвай гьабизе***

Дженнет Валидиновна Мусаева ккола Хасавюрт районалъул Ботаюрт росдал гIадатияб культураялъул Централъул нухмалъулей. Гьелъул камураб махщелги гьечIо, щвечIеб цIар ва шакъатги хутIун батиларо. Россиялъулги Дагъистаналъулги лъайкьеялъул отличник, Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул член, «Эбелалъул чIумал» абураб кучIдузул тIехьалъул автор, ретIел-куналъул дизайнер. Дженнетил берцинлъиялъул бицинего бицинарин, гьелъ жинцаго гьарурал ва халкъиял кучIдулгицин ахIула.

***– Кидаго гуро Аллагьас берцинлъиги, цIодорлъиги, махщелги цого чиясе цадахъ кьолеб. Дуе кьун буго. Дурго пикру щиб бугеб?***

– Гьеб киналъухъго дица эбел-инсуе кьезе ккола баркала. Дун гьаюраб ва гIураб Костек росулъ дир эмен вукIана цIакъ къадруяв чи: КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, колхозалъул председатель, кIудияб хъизаналъул бетIергьан. Гьебго заманаялъ сундуего гьунар бугев, творчество бокьулев чи. Гьесда бокьараб музыкалияб алаталда хъвазе лъалаан, агъач-хъумузал жинцагоги гьарулаан. КечI ахIизеги букIана инсул кIудияб махщел.

Дир эбел Къурайшида цIакъ гъваридго лъалаан рахьдал мацI, хъвалаан кучIдул. Цебе чIезабеха: кIудияб магIишат, гIемерал лъимал… Гьеб киналдаго гьоркьоб кучIдулги. Дида кIвечIо кучIдул басмаялда рахъизе эбел итизайизе. Цо щив вукIаниги кIодо гьавун тIоритIулел горсверабазда цIалулаан эбелалъ кучIдул. Хадуб, «дицаго хъвана», – йилан нечадго гIадинги абулаан. Чи хвараб бакIалда, эбелалъул магIабаз, ганчIил ракI бугев чиясулги магIу кIанцIизабулаан. Гьеле гьединал эбел-инсуца кьураб буго дие щванщинаб махщел-гьунарги.

КечI ахIизе бугеб гьунар, бахчун течIого, дица къватIибе бахъана тIоцебесеб классалда тIоцебесеб дарсидаго. МугIалималъ, нужеда гьоркьоса кечI ахIизе, кьурдизе, кечI рикIкIине лъида лъалебилан абидал, дун тирщун тIаде яхъана ва доскаялда цееги чIун Алла Пугачевалъул кечI ахIана. Дихъ гIенеккизе рекерун рачIана цогидал учительзабиги.

Школалда ранщинал соназ дун художествияб кружокалдаса камураб къо букIинчIо. Хасавюрталъул педучилищеялдаги течIо дица гьел.

***– Дур кинабго хъизанго музыкалияб буго гурищ…***

– Бугоха. Дир бетIергьанчи Назирги вуго кочIохъан, педагог. Лъай-хъвайги ккана цо нижер гIагарал чагIазул берталъ. Гьениб кечI ахIулей йикIана дун. Гьелда тIадеги, росасул хъизанги буго гьединабго – вакьадас кутакалда берцинго аргъан бачунаан, росасул вац бас–гитарист вукIана.

1992 соналъ училищеги лъугIун ниж данделъана. Нижер руго лъабго лъимал: кIиго ясги васги. Ясал росасе кьуна, гьезул лъималги гIолел руго.

***– ГIадатияб росдал школалда бугищ дур махщалие бакI?***



– Росас математикаялъул дарсие бакъанги хъван, практикаялда кьураб тIоцебесеб дарсидаса байбихьун, дица гьениб гурищ гьеб хIалтIизего гьабулеб. Директоралъ хадуб бицана, жинца гьенибго хIукму гьабунила, гьай яс киего йиччазе бегьуларилан, музыкаялъул учительлъун школалде йосизе кколилан. Гьедин ккезеги ккана. Гьале 30 соналъ Ботаюрталъул школалда музыкаялъул дарс кьолеб буго дица.

Дихъа бажарана лъималазул хоралдае рокьи бижизабизе. Хоралъухъ гIенекқараб мехалъ гIажаибаб рохел рещтIуна рекIелъ, лъималазги рохалида ахIула. Дир цIалдохъаби районалда ва республикаялда лауреаталлъун рахъана. Дицаго рукъула гьезие костюмалги. ХIаракат бахъула гьез ахIулебги ретIа-къайги данде ккезабизе.

***– Гьебгощинаб махщалил бетIергьаналъ педагогасул хIалтIи тIаса бищиялъе гIиллалъун щиб ккараб?***

– Бищунго махщел бугел рукIине ккола школалдайилан божи буго дир. Жеги йиго берда цее дирго тIоцеесей учительница. Дун йикIунаан гьелъул ретIа-къаялъул, рилълъиналъухъ, прическаялъухъ, гьел квер столалда тIад лъолеб куцалъухъ ялагьун. ХIапсат Агъаевналда релълъарайлъун йикIине хIаракатги бахъулаан.

Костекалда нижер букIана цIакъ гьалбал хирияб рукъ. Киналго дир гьудулзабиги гьенире ракIарулаан. Дица гьезие дарсал кьолаан. Дир хIалтIул кутакалъ, указкаялъ къадазда хIуччал рахъун рукIунаан. Доскалъунги букIана нижер азбаралъуб роллъул цIураб маххул къали.

***– Дуцаго хъвараб тIоцебесеб кечI ракIалда бугищ?***

– Буго. Ункъабилеб классалда дица хъван букIана «ГIанкIудал хабар» илан абураб кечI. Нижер поэзиялъул кружокгилъидал букIараб. Гьеб бачунаан рахьдалл мацIалъул учитель ГIалипкъач МухIамадовичас. Цогидал ясазги хъвалаан ва ахIунго ахIун цIалулаан. Амма дун нечолаан. Дида кколаан дир кучIдул дозулгIадин лъикIал гьечIилан. ГIиси-бикъинал гъалатIал киназулго рукIунилан, нилъ гьелъул анализ гьабизе, кумек гьабизе данделъун ругилан бицунаан учителас. Дир тIоцересел кучIдул «Лачен» журналалдаги рахъун рукIана. Росуцояв, журналист Айнудин Мамаевас дица ахIулеб кечI хъван букIана ва тIубараб республикаялдаго гьеб рагIун батилин ккола.

***– ЦIиял кучIдул кинха дур рижулел?***

– Цindaго! Сардилъцин йорчIизаюла! Цо чияс тункараб гIадин, йорчIула, ва мухъал, рифмаби рукIуна тIад сверулел, кагътиде росейилан.

Цо нухалъ дун Супянат Мамаевалъухъ гIенеккун йикIана. ЦIакъ гIенеккун йикIана. Гьелъ абуна кечIалъ чиясухъе жиндирго нух бахъизе ккола илан. КочIол рагIаби, рекIее асар гьабуларел, рекIелъан рачIунарел рукIине рес гьечIилан. ГIадамазухъе кочIол нух дида траектория гIадин бихьула. (Гьаб бакIалда абичIого гIоларо, гьелъул кучIдул ахIула Зоя Чунаевалъ, Зайнаб Абсаматовалъ, ГIадил Уцумиевас, Рустам АхIмадхановас, Юлдуз Топавевалъ ва цогидалги цIвабзаз).

***– КечI-бакъаналъ кумек гьабулищ рахьдал мацI бокьизе, лъазе, малъизе?***

– Гьелда щаклъиго гьечIо. КочIоца бижизабула рахьдал мацIалде рокьи, лъималазда цIиял рагIаби лъала, кучIдул лъала, миллаталдаса чIухIи бижизабула.

***Магарам Алимгаджиев***

*P.S. Ботаюрталда бугеб школалъе къун буго Совет Союзалъул БахIарчи Николай Жердевасул цIар. Гьев вукIана 1942 соналъ Дагъистаналда хварав рагъул летчик. Вукъунги вуго Бабаюрталда хабалалъ. Живго гьев вукIана Донецкалдаса. КIиго соналда жаниб цо нухалъ Ботаюрталъул цIалдохъабиги мугIалимзабиги уна Донецк Республикаялде. Ун йикIана гьение Дженнет Мусаеваги.*



# Щай, эбел?

– Къаси гьалбал рачӀине руго. Богорокъоб ругезда кинабго букӀине кколедухъ хӀадуреян абе! – йилан гьоркьо-моркьобго гӀадин рехана росас, машинаялъув гӀодов чӀолаго.

– Къаси нилъ дир инсухъе щвезе гурищ рилълъине рукӀарал, – илан, хӀин-къадго абуна Сурайяца. Амма росас, ццидалъ, кьунсрул рукӀкӀинаруна ва газалде тӀаде цуна. (Гьев 34 соналъ жиндаса кӀудияв чиясда цӀар абизецин нечолаан гьай).

МагӀу букӀана чваххизе хӀадурун, амма гьелъ, сабру гьабун, угьун биччана ва богорокъое ана.

– Вай, нилъеца жеги чанги жо босизе ккола гури, гьалбаллъидал ахӀун ругел. Сёмгаги букӀине ккола, икраги, балыкги, шампиньоналги, креветкабиги, батӀи-батӀияб гӀурччинлъи, пихъ-мичӀ... – илан йортахъизе лъугьана ПатӀимат – богогьан, гьелдаго цадахъ Сурайял ункъгӀал. Гьелъул хӀаркат букӀана Халидие Сурайя кьейги.

– Эбелалъул рокъоб букӀараб лъикӀ, – илан борчӀана ясалъул, – гьалбал рачӀунел ругони, гьангун хинкӀал гьарулаан, цӀурачадал режулаан... ГӀадатго ва тӀагӀамалда!

– Ву гьай, лъимер, – илан гьимана ПатӀимат, – дур росасул даражаялда ругел чагӀазда рекъоларо гьединаб стол, досул кӀудияб бизнеслъидал бугеб! Гьесда цеве хӀалтӀилев вугев щинав чи лъалищ дуда? Аза–азар! Дагъистаналда гурелги, тӀубараб Россиялдаго! Хадубги гьадинго лъикӀ иш унеб бугони, къватӀисел пачалихъазулгунги букӀине буго гьесул даран.

Гьа, харбиде регӀун гьечӀин... Чан чи вукӀине вугевалигӀаги абичӀищ?

– АбичӀо. Кидаго гӀадин анцӀила щугоялдаса гъоркье кколел ратиларо. Диейилан абуни, рагӀи кьун букӀана инсухъе щвезе рилълъине, – йилан магӀил цӀуна Сурайял берал. – Эбел хваралдаса тату хвана досул. Гъоркь араб мехалъги рекӀеда кверги лъун вукӀана.

– Йилъа, доеялъул дица мун инсухъе щвезайила, тӀадюссунаго нахъеги ячина, – илан абуна, гьелда ракӀ гурхӀарай ункъгӀалалъ. – Вореха Халидида бицунге, гьес дун чӀвалин...

Машинаялдаса къватӀиеги яхъун, бакъул кунчӀиялдаса лазатги босулаго, Сурайя, хераб, щутӀалаяб минаялда аскӀое йилъана. Гьаб азбаралъуб ана гьелъул

*Иллюстрация - Г. А. Къурбан-адамовалъул*
*Кагъат, къалам. 21 х 30см*


К-Гуля

лъимерлъи. Гьанисан унаан классцоял – мадугьалзабигун школалде. Доб талихIкъосараб къоялъги, Сурайя, жиндирго классцояйгун беседкаялъуб гIодойги чIун, колледжалдедай цIализе иней, II классалдадай цIалилаян ургъулей йикIана. Гьезда вихьизецин вихьичIо, кIудияб джипалда жаниса къватIивеги вачIун, изну гьечIого гьазул харбилъе жувалев чи.

– Гьединай берцинай ясалъе цIалигIаги щибизе? Диплом къваригIуна сурукъазе, росниги щвезе, дуда хадубни читIир батила, – йилан абуна гьес Сурайяхъги валагьун.

Гьел рагIаби рекIеда хъатIаниги, ясалъ кIудияв чиясе жаваб кьечIо. БагIарлъулей йикIин лъарабго, тирщун тIадеги яхъун, рокъое екерана ва классцоялъе дов чияс кьурал суалал гьелда рагIичIо.

МоцIгIан заманалдасан, эбел, цо жоялъул ургъалилъ йигей гIадин, ячIана хIалтIудаса рокъое ва, эмен вачIинегIанги чIун, цо рокъорехун ана. Щиб бицунел гьел рукIаралали гьелда рагIичIо, амма ургъалилъе ккарав эмен вихьидал, цо жо ккараблъи бичIчIана. Чанго къоялдасан рикIкIадасанго гIадин байбихьана эбелалъ хабар.

– Бицея, дир яс, дуе рекIее гIолев чи вугищ?

– Вуго, эбел, – илан елъана Сурайя, амма эбелалъул хIалуцин бихьидал: – Мисалалъе… Бурак Озчивит, – илан абуна.

– Кинаб бурак букIунеб, – илан ццин бахъана эбелалъул, – дица унгоги гьикъулеб буго, рекIее гIолев вас вугищилан? Буракила, ламадурила… Селедкайиланги абе…

– Бабааа! Бурак чIакIултIанги ламадурги гуро, Турциялъул артист вуго, куталда берцинав!

– Гьаа, – йилан цодагьай гIодое йиччана эбел.

– Циндаго гьеб щиб суал? Васал рукIана дие къваригIун… Дица жеги школа лъугIизабизе ккола, институталде лъугьине ккола…

– Гьеб лъикI буго. Гьедин абила дица ПатIимат ункъачода.

– Ункъачода щай эб абизе кколеб? – илан гьикъана Сурайяца, амма эбел, рагIулеб гьечIеб ххвелги гьабун, кванде юссана…

Хадуб кинабго макьилъ гIадин букIана… Радал яхъун ячIана ПатIимат ункъачо ва эбел-эменгун ана Хасавюрталде. Къасиялде руссана, тIубараб машина цIун берцинал пакетал, сумкаби, коробкабигун.

– Нуж тукен рагьизехъинищ ругел, – илан махсаро гьабуна Сурайяца.

– Гуро. Мун росасе кьезехъин руго, – йилан абуна ункъгIалалъ, босараб таралъул хал-шалги гьабулаго. Цо гIажаибаб асар букIана гьелъул гьаракьалъулъ. Эбел-инсухъ ялагьидал, гьелги ругоан, цIакъ хIалуцун, жавабалъухъ гIенеккун.

– ЛъиегIаги дун кьолей йигей? Кидал? Метергойищ, – илан махсаро-хочIалде хабар сверизабизе лъугьуней йикIана Сурайя. Жо ккечIо.

– Метер школалдаса документалги нахъе росила, анкьидасан бертинги буго, – йилан жаваб кьуна инсуца ва, кинаб букIаниги суал, жаваб, гIоди букIунаредухъ, кьварун тIаде жубана, – хIукму къотIун буго. Нижеца хъалим босана, рагIиги кьуна. Гьанже магьариги лъела, I6 сон барабго загсги гьабила.

ГьатIанкъоялъ гьелда чIухIараб горде ретIинабуна ва кинабго хъизан цебеккунго ккураб рестораналде ана.

– Халид, – илан абуна, кIудияб тIугьдузул квацIиги гьелда кодобе кьун, цо чияс. Гьалда доб кIудияб джипалъул хважаин лъана.

«Гьав бахӀарасул эмен яги имгӀал ватила», – йилан пикру гьабуна Сурайяца ва, нуцӀил кӀалтӀа чӀарал васазда гъорлъ, кинавдайха дир бахӀараван, ялагьахъдилей йикӀана.

Амма Халидица, кодоб букӀараб квацӀи гӀодобе бортиледухъ, туркӀана гьелъул рукь.

– Бихьиназухъ ялагьахъдуге, – йилан шурана ццидакь ва, ехъерхъарай гӀадин, жиндаго аскӀой, столада нахъа гӀодой чӀезаюна.

Риччалъго гӀадин ана баргъич ххолеб, сайгъатал кьолеб ва мажгиталда Халидилгун магьари лъунилан гьабулеб букӀараб лъугьи-рихьи. Я кьурди букӀинчӀо, я кечӀ букӀинчӀо, динамиказдасан нашидал гурони. Гьалбал гӀолохъанай бахӀаралъухъ ралагьизе рачӀунел рукӀана ва гъарцул конверталгун меседил тӀагӀалаби сайгъат гьарулел рукӀана. Гьелги Халидил гӀагарай чӀужуялъ жиндирго кӀудияб къвачӀинибе лъугьинабулеб букӀана.

Цо-кӀиго сагӀаталдасан гьейго гӀагарай чӀужуялъ рокъоре рилълъине заман щванилан абуна.

– Дун эбелгун ина, – йилан абуна Сурайяца, амма ункъгӀалалъ, гьурмаде кӀазги цӀан, гьей жиндаго хадуй ячана.

Доб кӀудияб джипалда ячӀана гьай Халидил рокъое. ПатӀимат ункъачоца, киналго къачӀарал рукъзабахъан свериги бахъун, бечелъиялдаса рохел загьир гьабуна.

– Гьаб буго нужер кьижулеб рукъ, балагье гардеробная гуребги будуарги буго. ХӀадуре, гьабсагӀат Халид вачӀине вуго, – йилан ункъгӀал рокъоса къватӀие ана.

БотӀролъ жо кьабгӀараб гӀадин, рукъ бакьулъ яхъун чӀун хутӀана Сурайя. КигӀан заман бараб гьев вачӀиневали гьелда ракӀалда гьечӀо, амма гӀумруялъго ракӀалда чӀана гьеб сордоялъ рагӀарал хъубал ва вахӀшиял рагӀаби.

Гьедин байбихьана Сурайял ригьнада гӀумру – лъазего лъаларев, жиндир месед-гӀарацалда гьоркьоб къиматаб гамачӀ гӀадин, гьай къваригӀарав чиясулгун гӀумру. Гьес кутакалда учу-чу гьаюлаан гьай жиндирго гьудулзабазда цее ва кутакалда щакдаризеги щакдарулаан. Гьелъие изну букӀинчӀо киего рокъоса къватие ине, гьес рес кьуни – эбел-инсухъе гуреб.

Амма гьес жиндиего сундулниги рахъалъ инкар гьабулароан. Рестораназде унаан, гьениса гьекъон вачӀунаан, рокъобги гьекъей-кванай камураб къо букӀунароан, гьудулзабигун хӀухьбахъиялъе, чанаве, хӀалтӀул ишаз унаан. Айилан абуни, ункъгӀалалъул яги дой рокъоб бетӀерлъи гьабулей гьесул гӀагарай чӀужуялъул бербалагьиялда гъоркь.

Сурайяца I6-го сонги бана, I7-гоги бана, амма доб эбелалъул анищлъун букӀараб, законалда рекъон ЗАГС, тӀубалареб анищлъун хутӀана. Гьелъ чанцӀулго хӀалбихьана Халидилгун гара-чӀвари гьабизе, гьеб суалалда хурхун. Амма хӀасил ккечӀо. Цо нухалъ ункъгӀалалъухъа борчӀана, гьесул ЗАГС бугей чӀужуги васги вугилан. Гьав гьезда цадахъ гьечӀониги, кинабго бечелъи васасе букӀине бугилан, гьединлъидалин Сурайяца лъимер гьабичӀониги гьесие ургъелги гьечӀеб...

Сардилъ эбелалъул инсульт ккана. Гьей больницаяле щвезегӀан хутӀичӀо...

– Щай, эбел, дуца дун гьадав херав чиясе йичарай? – илан такрар гьабулеб букӀана гӀолохъанай чӀужугӀаданалъ, гьаругьин, жеги херав гурев, амма янгъизго ссун унев вугев, инсул рокъое яхунаго.

***Ажа ГӀабдурахӀманова***



Зарема
ХIасанбекова

*Нилъер руго цIакъ бажари бугел лъимал ва гьезие рес буго жидеего рекIее бокьараб пиша тIаса бищизе. ГIемерал ресал руго жакъа лъималазул.*

# МугIалимасул къадру борхизабизе ккола

***ХIасанбекова Зарема Шихбабаевна йиго республикаялъул ва шагьаралъул конкурсазул жюриялъул член, ППЭ эксперт, школлъималазул культурияб ва просветительскияб программаялъул модератор, Госдумаялъул депутатазул ва Россиялъул Президентасул рищиязул комиссиялъул штабалъул председатель. Гьелъие щун руго рикIкIен тун гIемерал грамотаби ва баркалаялъул кагътал. Гьелги къун руго Дъагъистаналъул лъайкьеялъул Министерствоялъ, культураялъул Министерствоялъ, РДО ВОД «Бергьенлъиялъул волонтерал» гIуцIиялъул председателас, МахIачхъала шагьаралъул лъайкьеялъул Управлениялъ.***

Нилъеда киназдаго лъала, кигIан кIудияб кIвар кьолеб бугебали хIукуматалъ цIалуде ва жамгIияталда жаниб мугIалимасул къадру-къимат борхизабиялде. Школа лъугIун заман аниги, нилъер щивасда дандчIвала школа, лъималгун, лъималазул лъималгун цадахъ нилъ гьениргo рукIуна.

Дагьаб цебе Президент Владимир Путиница Халкъияб Собраниялда тIадкъана мугIалимасул къадру-къимат борхизабиялда тIад хIалтIеян.

БитIараб буго, мугIалимасул къимат борхизабизе кколеб хIал буго жакъа. Кинха гьеб гьабизе кколеб? Кин мугIалимасул хIалтIи къадруяблъун гьабилеб? МугIалим гьечIого хутIарал бакIазде лъикIаздаса лъикIал мугIалимал рищизе конкурс букIунеб хIал кин гьабилеб?

Гьеб масъалаялда тIасан нижеца кIалъай гьабуна МахIачхъалаялъул 57 школаллъул тарбия кьеялъул рахъалдасан завуч Зарема ХIасанбековалъулгун. Гьей йиго кIудияб хIалбихьи бугей, школалъул гIумру лъикI лъалей мугIалим.

– Гьеб суалалъе жаваб рикIкIадасан кьезе бачIунеб буго. Дун гьаюна Сулейман СтIал районалъул Куркент росулъ, мугIалимасул хъизаналда. Дир эмен вукIана биологиялъул мугIалим ва школалъул директор. Эмен, Шихбуба Шихсаидович, дие кидаго хутIила мисалияв мугIалимлъун. Гьев вукIана лъикIав мугIалимги, лъималазул психологги, лъикIаб ракIалъул мисалияв инсанги. Лъалищ щиб букIараб гьесулъ бищунго дие мисалияблъун? МугIалимлъи букIана гьесие битIараб гIумрудул нух. Инсуца мугIалимлъи гьабулаан сордо-къоялъ. Гьединго гьев вукIинчIо чIамучIав, жив сабаблъун дарс рихинавулев мугIалимлъун. Гьесдасан рагIулаан берцинаб, ритIухъаб калам, лъималазул ракIазде рагьулаан кIулал. Гьес лъимал куцала-



ан, лъикӀлъи, гурхӀел, чилъи, яхӀ-намус, цӀалуде рокьи бижизабулаан – цӀалдохъабазулъ ва жиндирго лъималазулъ – нижелъ. Гьедин батила, нижер хъизаналда киналго лъимал рахъана мугӀалимзабилъун.

МугӀалимасул пишаялъе гьечӀеб къиматалъ, щолел кепкал дагьал рукӀиналъ, гӀолохъанаб гӀелалъ гьеб нух тӀаса бищулеб гьечӀо. Гьединго студенталги, мугӀалимасул диплом кодобе щваниги, унел руго харжги цӀикӀкӀун кьолеб, отчеталги кьезе кколареб, ФГОСалги гьечӀеб, гьеб гуребги батӀи-батӀияб захӀмалъи гьечӀеб бакӀалде. Нахъойги такрар гьабила мугӀалим – гьеб буго гӀумру гьабулеб къагӀида. Гьеб пишаялъ нилъ хӀалтӀуда гъорлъ гӀумру гьабизе тӀамула, къойидаса къойиде кепкал ралагьиялде руссинчӀого. Жакъасев мугӀалимасул лъимал рихьулеб хӀал гьечӀо, тӀубазе бачӀунебщинаб кагъат-хъарщиялде вуссун, отчетал, планал, таблицаби цӀолев вукӀун. Гьев цохӀо лъай ва тарбия кьолев чи гуревги, гьев вукӀине ккола мисалияв инсанлъун, жиндир лъаялдаса кӀудияб кумек гӀун бачӀунеб гӀелалъе щолев.

Зарема Шихбабаевнагун кӀалъазе бигьаго букӀана. Гьелда жиндирго ишги лъалеб бугоан, бицине рагӀиги кӀалалда бухьун бугоан. Ниж гара-чӀвариялда ругебгӀан заманалъ, кабинеталде суалалгун раккулел рукӀана лъимал, телефон букӀана чӀечӀого звангъелеб, къокъго абуни, завучасул хӀалтӀи лъалхъи ва рахӀат гьечӀеб бугоан. Кийго ахӀулей, кибго гьелъул гӀахьаллъи къваригӀарай мугӀалим йигоан Зарема.

Гьелъ гьединго бицана цӀияб школаялда кин унеб бугеб тарбия кьеялъул рахъ:

– ГьабсагӀат дун йиго ЦӀадаса ХӀамзатил цӀаралда бугеб Дагъистаналъул гӀелмияб централда аспирантураялда цӀалулей, хъвалеб буго дисертация. Дисертациялъул темаги буго халкъиял кӀалзул гьунаралъул кучӀдузул къагӀидабазда хурхараб. Щай дида гьеб кӀвар бугеб суаллъун бихьарабилан гьикъани? Щайгурелъул, дица халкъияб кӀалзул гьунар хурхинабула тӀоцебе, гӀадатал цӀуниялда ва педагогикалда жаниб гьеб кӀвар кьезе кколеб масъала бугилан рикӀкӀуна. Гьединго дица, кинал ругониги, цӀиял технологиязулги рахъ ккола. Гьезул кумекалдалъун хӀалтӀул лъикӀал хӀасилал щвезе рес буго.

